



*Veye kò nou, veye sou tout bann mouton Sentespri a mete sou kont nou.
Okipe legliz Bondye a, legliz li te achte ak pwòp san Pitit li a.
Mwen konnen tou, apre m' fin ale,
gen moun k'ap vin nan mitan nou pou kraze legliz la,
tankou chen mawon nan yon bann mouton.
Gen moun k'ap soti nan mitan nou menm menm,
k'ap kanpe pou bay manti, pou chache rale kèk disip dèyè yo.
Se poutèt sa, mwen di nou: fè atansyon anpil.
(Travay 20:29-31)*



***Tou sa ki ekri nan Liv la, se nan Lespri Bondye a yo soti.**
Y'ap sèvi pou moutre moun verite a, pou konbat moun ki nan lerè,
pou korije moun k'ap fè fòt,
pou moutre yo ki jan pou yo viv byen devan Bondye.
Konsa, yon moun k'ap sèvi Bondye,
li tou pare, li gen tou sa li bezwen pou l' fè tou sa ki byen.
(2 Timote 3:16-17)*

Tou sa ki ekri nan Liv la, se nan Lespri Bondye a yo soti.

*Y'ap sèvi pou moutre moun verite a, pou konbat moun ki nan lerè,
pou korije moun k'ap fè fòt,
pou moutre yo ki jan pou yo viv byen devan Bondye.
Konsa, yon moun k'ap sèvi Bondye,
li tou pare, li gen tou sa li bezwen pou l' fè tou sa ki byen.*
(2 Timote 3:16-17)

*Men, anvan tout bagay, se pou nou konn sa byen:
**pesonn pa gen dwa pran mesaj pwofèt ki ekri nan Liv la
pou li ba li sans li vle.***

*Paske, pwofèt yo pa t' janm bay mesaj paske yo menm yo te vle.
Okontrè, se Sentespri ki te pouse yo lè yo t'ap bay mesaj ki soti nan Bondye.*
(2 Pyè 1: 20-21)

**Fè atansyon pou nou pa kite pesonn twonpe nou ak bèl diskou filozòf yo,
ak diskisyon ki pa vo anyen.**

**Bagay sa yo soti nan koutim lèzòm,
nan jan yo konprann bagay ki nan lemonn. Yo pa soti nan Kris la.**
(Kolosyen 2:8)

*Jezi reponn yo: -Bann ipokrit! Ezayi te gen rezon lè l' t'ap pale sou nou,
jan sa ekri a: Se nan bouch pèp sa a respekte m',
men kè yo byen lwen mwen.*

Se tan yo y'ap pèdi lè y'ap fè sèvis pou mwen.

**Paske nan leson yo, se pawòl lèzòm y'ap moutre moun.
Jezi di yo konsa: -Nou mete kòmandman Bondye yo sou kote
pou nou swiv koutim moun etabli.**
(Mak 7:6-8)

Veye kò nou, veye sou tout bann mouton Sentespri a mete sou kont nou.

Okipe legliz Bondye a, legliz li te achte ak pwòp san Pitit li a.

Mwen konnen tou, apre m' fin ale,

gen moun k'ap vin nan mitan nou pou kraze legliz la,

tankou chen mawon nan yon bann mouton.

Gen moun k'ap soti nan mitan nou menm menm,

k'ap kanpe pou bay manti, pou chache rale kèk disip dèyè yo.

Se poutèt sa, mwen di nou: fè atansyon anpil.

(Travay 20:29-31)

*Enben, si yon moun ta vin anonse nou yon lòt bon nouvèl
ki pa menm ak sa nou te anonse nou an,
moun sa a li te mèt se mwen menm, osinon yon zanj ki soti nan syèl,
madichon pou li!*

***Mwen deja di nou sa, koulye a m'ap repete nou sa ankò:
si yon moun vin anonse nou yon bon nouvèl ki pa menm ak sa nou te
resevwa a, madichon pou li!***

(Galasi 1:8-9)

Malgre sa, te gen kèk fo pwofèt nan mitan pèp Bondye a nan tan lontan.

Konsa tou, va gen kèk direktè nan mitan nou k'ap bay manti.

*Yo pral vin ak yon bann bèl pawòl ki pa vre
pou yo seye pèdi nou.*

Y'ap vire do bay Mèt la ki te delivre yo.

Y'ap rale yon chatiman sou tèt yo k'ap detwi yo lapoula.

Anpil moun pral swiv yo nan sa y'ap fè ki mal yo.

Konsa, y'ap lakòz moun pale chemen laverite a mal.

Nan kouri dèyè lajan,

yo pral esplwate nou ak yon bann manti.

Men, depi lontan moun sa yo deja jije, nanpwen chape pou yo.

(2 Pyè 2:1-3)

Mesye sa yo menm,

*yo tankou bèt ki san konprann, k'ap viv dapre ensten yo
epi ki la sou latè pou moun kenbe touye.*

Yo pale mal sou bagay yo pa konnen,

yo gen pou yo peri menm jan ak bèt.

Yo gen pou yo soufri pou tou sa yo te fè moun soufri.

Yo pran plezi fè debòch gwo lajounen.

Se yon wont,

*se yon eskandal lè moun sa yo k'ap pran plezi yo nan fè sa ki mal
chita sou menm tab ak nou lè n'ap fè fèt.*

Je yo kale sou tout fanm.

Se tout tan y'ap fè peche.

Yo pran tèt moun ki fèb yo nan pèlen.

Nanpwen moun renmen lajan tankou yo.

Se moun ki anba madichon.

Yo kite chemen ki dwat la, yo pèdi wout yo nèt.

Yo pran swiv chemen Balaram, pitit Bozò a,

ki te fè sa ki mal poutèt lajan.

(2 Pyè 2:12-15)

PREFAS

Nan premye pasaj ki ekri a, nou li: « *Tou sa ki ekri nan Liv la* ».

Se ki Liv ke nap pale?

Se pa liv ke nap fè etid la, men se Bib la. Tou sa ki ekri nan Bib la, se nan Lespri Bondye a yo sòti. Bib la se bousòl nou; se nan Bib la pou nou jwenn laverite. Tout pawòl osinon doktrin ki pa gen sous li nan Bib la, pawòl sa a osinon doktrin sa a nan manti. Nan Jan 8:44, Jezi di ke Satan se papa manti; konsa manti sòti nan Satan. Yon doktrin ki nan manti, se yon doktrin satanik li ye.

Ane sa a, etid nou an ap fèt sou Legliz. Nou pral aprann kisa Legliz ye, ki idantite Legliz, ki travay Legliz responsab. Nap gen pou nou wè tou diferan doktrin ki nan Legliz e pou nou gade eske doktrin sa yo sòti nan Bib la.

Legliz pa yon jwèt, ni se pa posesyon moun ke li ye. Jezi te achte legliz avèk san Li. Se sou kwa a ke Jezi te peye pou Legliz ke Li renmen anpil. Nou wè anpil avètisman nan Bib la ki di ke ap genyen fo pwofèt, fo pastè nan mitan legliz kap bay manti.

Bib la di nou tou kouman pou nou rekonèt yo. Wap wè ke bagay yap anseye yo pa kanpe sou pawòl ki nan Bib la. Jan ke yo mennen vi yo se yon wont pou kretyen yo.

Objektiv etid la, rezilta ke nou ta renmen wè ki sòti nan etid la, se pou chanjman fèt nan Legliz Jezi a. Men pou chanjman fèt, fòk nou reyalize ke genyen bagay kap pase nan asanble nou yo ki pa dakò ak plan Bondye genyen pou Legliz. Nou gen dwa pale jan ke nou vle; men si pa genyen aksyon ki fèt, etid la pa itil anyen.

Konsa, nap priye Bondye pou Li louvri kè nou, pou lògèy sòti nan kè nou pou nou kapab asepte pou nou chanje lè ke nou nan lerè. Pa genyen pèsonn ki pafè; pa genyen pèsonn ki konnen tout bagay. Nap mande pou Bondye ban nou sajès pou nou kapab konprann Pawòl Li, pou nou grandi; konsa pou pèsonn pa vin tronpe nou ak bèl istwa ki pa kanpe sou pawòl Bondye a.

Amèn!!!

Tout bagay kreye pou yon rezon.

Tout bagay ki egziste, yo egziste pou yon rezon. Tout sa Bondye kreye, Bondye kreye li pou yon rezon. Si Bondye kreye yon bagay pou yon rezon, bagay sa a dwe rete nan wòl ke Bondye te kreye li a. Bondye kreye tout bagay pou yon objektif prensipal. Si yon bagay pa itil pou objektif ke Bondye te kreye li a, nou kapab di ke bagay sa a, se yon pa itil ke li ye.

Lè yon moun plante yon pye mango osinon yon pye zaboka, genyen yon rezon prensipal ki fè moun nan plante li; se pou pye zaboka a kapab donner, pou li bay fwi, pou moun nan kapab manje nan fwi pye bwa a. Lè solèy la cho, ou kapab pran ti lonbraj anba pye bwa sa a, men se pa pou rezon sa a ke pye bwa a te plante.

An nou pran egzanzp yon avyon. Si yon moun genyen yon avyon epi avyon an pa kapab vole, avyon sa a pa itil paske bagay ki montre ke yon avyon se yon avyon ke li ye vre, se vole pou li vole.

Si nou pran egzanzp moun ki gade zannimo. Yon kochon ak yon milèt pa ranpli menm fonksyon, yo pa jwe menm wòl. Yon milèt la pou pote chay; yon kochon pa kapab pote chay. Si yon moun nan pwovens ap fè komès, li gen dwa bezwen yon bèt pou pote machandiz yo ale nan mache. Konsa, moun nan gen dwa deside achte yon bèt ki ap la pou pote machandiz yo pou komès la mache.

Eske moun sa a ap achte yon kochon pou travay sa a? Non, paske pote chay se pa travay kochon. Sa pa vle di ke kochon an pa itil, men Bondye pat fè kochon pou yo pote chay.

Jezi achte kretyen yo osinon legliz ak san li. Legliz se pa kay kote kretyen yo reyini an ke li ye, men se kretyen yo menm ki legliz la. Nou konnen ke Jezi gen pou Li tounen vini chache legliz; se pa yon pyès kay Jezi ap vini chache, men se kretyen yo ki se legliz la ke Jezi ap vin chache. Nan lèt Pòl te voye bay kretyen Women yo, nou li:

*« Di Priska ak Akilas bonjou pou mwen. Yo t'ap travay avè m' nan sèvis Jezikri a. Yo te riske tèt yo pou sove lavi mwen. Se pa mwen sèlman k'ap di yo mesi, se tout legliz ki nan moun lòt nasyon yo k'ap di yo mesi tou. **Di legliz ki sanble lakay yo a bonjou tou.** »*
(Women 16:3-5)

Legliz la pa yon kay, Legliz reyini nan yon kay; Legliz se kretyen yo, se moun sove yo ki Legliz!

Poukisa legliz te pran nesans?

Tankou nou deja di, tout bagay ki egziste sou tè a, yo la pou yon rezon. Rezon prensipal pou egzistans legliz, se pou bay Levanjil la tout kote sou tout tè a. Nan **Matye 28:18 a 20**, nou li:

*« Jezi pwoche bò kote yo, li di yo konsa: Mwen resevwa tout pouvwa nan syèl la ak sou tè a. **Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a.** Moutre yo pou yo obsève tou sa mwen te ban nou lòd fè. Chonje sa byen: mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba. »*

Se te dènye pawòl ke Jezi te pwononse avan Li te monte nan syèl. Nan **Travay 1:6-8**, nou li:

*« Lè sa a, moun ki te reyini bò kot Jezi yo pran mande li: Mèt, èske se koulye a ou pral mete gouvènman pèp Izrayèl la sou pye l' ankò? Jezi reponn yo: Nou pa bezwen konnen ki jou ni ki lè sa va fèt. Se Papa a ki fikse dat la li menm, pou kont li. Men, lè Sentespri a va desann sou nou, n'a resevwa yon pouvwa. **Lè sa a, n'a sèvi m' temwen nan Jerizalèm, nan tout peyi Jide ak nan tout peyi Samari, jouk nan dènye bout latè.** »*

Nou wè ke nan pasaj sa a, Jezi te fè mansyon yon lòt bagay ki se Sentespri. Travay ki te gen pou fèt la pap kapab fèt avèk fòs lèzòm; men mesye yo te genyen pou yo resevwa yon gwo pouvwa lè Sentespri a desann. Nan jou pannkot la, Sentespri te desann e se nan moman sa a ke travay legliz la te vin posib. San Sentespri, legliz san fòs. Nan **Travay 2:40-41**, nou wè rezilta travay ki te kòmanse fèt la, nou li:

« Pyè t'ap di yo anpil lòt pawòl ankò pou l' te fè yo kwè, pou l' te ankouraje yo. Li t'ap di yo konsa: Sove tèt nou. Wete kò nou nan mitan moun pèvèti sa yo. Anpil ladan yo te kwè sa Pyè t'ap di a, yo te resevwa batèm. Jou sa a, te gen twamil (3.000) moun konsa ki te mete tèt yo ansanm ak disip yo. »

Nou wè ke travay ki te fèt la, se travay ke Jezi te kòmande yo pou yo fè a. Eske Legliz dwe kontinye travay sa a? Non sèlman legliz dwe kontinye travay sa a, men Legliz dwe konprann ke se travay sa a ki pi enpòtan pou legliz. Si Legliz pap fè travay sa a, Legliz se yon pa itil ke li ye.

Byen viv kretyen yo.

Nan **Travay 2: 46-47**, nou li:

*« Toulejou, yo tout reyini ansanm nan tanp lan; yo te konn separe pen an bay tout moun nan kay yo, yo te manje ansanm avèk kè kontan san okenn pretansyon. Yo t'ap fè lwanj Bondye. **Tout moun te renmen yo. Chak jou Bondye t'ap mete lòt moun li t'ap delivre yo nan gwoup la.**»*

Pasaj la montre nou ke kretyen yo tap byen viv epi sa ki pi enpòtan pou nou wè nan pasaj la, se kote li di ke tout moun te renmen kretyen yo. Poukisa nou di ke li enpòtan? Nan **Matye 5:14-16**, Jezi te di:

*« Se limyè nou ye pou moun sou latè. Moun pa kapab kache yon lavil ki bati sou yon mòn. Ni yo pa limen yon lanp pou mete l' anba yon mamit. Men, yo mete l' sou yon etajè, pou l' klere pou tout moun ki nan kay la. Konsa tou, **se pou limyè nou klere devan tout moun, pou lè yo wè tout byen n'ap fè yo, y'a fè lwanj Papa nou ki nan syèl la.**»*

Sak fè moun yo te renmen kretyen yo, se jan ke yo te viv byen youn ak lòt. Rezilta byen viv yo a, se plis moun te vin asepte Jezi; jan pasaj la di a: chak jou Bondye tap mete lòt moun Li tap delivre yo nan gwoup la.

Mirak yo

Nan **Travay 3**, nou li ke Pyè ak Jan te fè rankont ak yon nonm ki tap mande epi ki te enfim depi li te fèt. Nan **vèsè 6 a 9**, nou li:

« Lè sa a, Pyè di li: Mwen pa gen ni lajan ni lò. Men, sa m' genyen an, m'ap ba ou li. Nan non Jezikri, moun Nazarèt la, leve ou mache. Li pran men dwat li, li fè l' kanpe. Menm lè a tou, pla pye enfim lan ak zo jwenti pye l' yo vin fèm. Li fè yon sèl sote, li kanpe sou de pye l', li pran mache. Li antre nan tanp lan avèk yo, li t'ap mache, li t'ap ponpe, li t'ap fè lwanj Bondye. Tout pèp la te wè l' ap mache, ap fè lwanj Bondye. »

Si nou kontinye li pi ba, nap wè ke mirak la pat fèt jis pou mandyan an te kapab mache, te genyen yon lòt pi gwo travay ki te fèt. Pyè te itilize mirak la pou li te prezante Levanjil la. Nou kapab li sa Pyè te di yo nan **Travay 3:12-26**.

Si nou gade nan **Travay 4:4**, nou jwenn rezilta mirak la.

« Anpil moun ki te tande pawòl la te kwè. Lè sa a, te gen senkmil (5.000) moun konsa ki te kwè. »

Se menm travay la ki tap fèt, chache nanm pou Bondye ki se priyorite legliz. Se travay sa a ki objektif legliz. Nou kapab wè ke se yon travay ke legliz nan tan ansyen an te pran pou serye.

Pèsekisyon yo.

Lè pèsekisyon te tonbe sou kretyen yo nan Jerizalèm, anpil ladan yo kouri kite Jerizalèm. Yon valè ladan yo te rive nan Samari. Nan **Travay 8, vèsè 4 ak 5**, nou li:

*« Disip ki te gaye nan peyi a t'ap anonse bon nouvèl la toupatou. Se konsa Filip al nan yon lavil peyi Samari. **Rive la li tanmen pale sou Kris la bay moun yo.** »*

Nou wè ke pèsekisyon yo vin lakoz levanjil la gaye nan lòt kote ki pat ankò tande levanjil paske legliz te kontinye fè travay li menm nan pèsekisyon yo. Nan **Travay 8 vèsè 12**, nou jwenn rezilta a.

*« Men, lè Filip anonse bon nouvèl peyi kote Bondye wa a, lè l' fè yo konnen non Jezi Kris la, **moun yo kwè pawòl la; fanm kou gason resevwa batèm.** »*

Plis moun ankò vin asepte Jezi, plis nanm te sove, legliz te kontinye grandi paske legliz te konnen travay li epi li te kenbe travay li fèm.

Nan **Travay 5**, nou li ke yo te arete apot yo, yo mete apot yo nan prison; yon zanj te louvri pòt prizon an epi li mete mesye yo deyò. Mesye yo te kontinye travay la pi rès.

Yo retounen arete mesye yo ankò epi granprèt la defann mesye yo bay levanjil la; men Pyè te reponn:

« Se pou n' obeyi Bondye pase pou n' obeyi moun. Bondye zansèt nou yo te fè Jezi leve soti vivan nan lanmò, Jezi nou te fè touye lè n' te kloure l' sou kwa a. Bondye fè l' moute chita sou bò dwat li, li mete l' Chèf sou nou, li fè l' delivre nou. Li fè sa pou bay pèp Izrayèl la yon bèl chans pou l' tounen vin jwenn Bondye, pou l' resevwa padon pou peche l' yo. Nou se temwen tout bagay sa yo, nou menm ansanm ak Sentespri Bondye bay tout moun ki obeyi l' yo. »
(Travay 5:29-32)

Legliz ansyen an te pare pou li te mouri pase pou li pat fè travay Jezi te ba li fè a. Nan bon tan, nan move tan, travay la te kontinye. Kesyon ke nou ta renmen poze, se:

Eske Legliz jodi a pa toujou genyen menm travay la pou li fè?

Eske Legliz jodi a fè travay li vrèman vre?

Ki bagay ki anpeche Legliz jodi a fè travay ke li dwe fè a?

Bon travay men ki pa priyorite.

Genyen anpil travay ke legliz fè ki bon e ki enpòtan, men se pa pou rezon sa yo ke legliz te pran nesans. Menm jan ke yon pye zoranj la pou bay zoranj men anmenmtan an tou ou kapab pran yon ti lonbraj anba li osinon ou kapab fè remèd avèk fèy la. Se menm jan tou genyen anpil bon bagay ke legliz kapab fè men ki pa priyorite legliz.

Legliz ki pran swen moun malad fè yon gwo travay, men genyen anpil moun ki pa kretyen ki fè menm travay sa a tou. Li enpòtan pou Legliz ede moun ki nan bezwen, men se pa pou travay sa a ke Legliz te pran nesans. Genyen anpil moun rich ki nan lemond ki bay anpil lajan pou ede lòt moun ki nan bezwen.

Sa pa vle di ke Legliz pa sipoze pran swen moun osinon ede lòt moun, men tout travay sa yo bezwen fèt avèk levanjil kòm objektif.

Si pa egzanp, ou sou yon wout epi ou wè yon moun kap pote yon chay ki twò lou pou li. Se yon bon bagay pou ou ede moun nan paske se sa Jezi Li menm ta fè, men li ankò pi enpòtan pou ou anonse moun nan Levanjil Jezi a. Sa vle di ke wap pwofite okazyon ke moun nan bezwen èd la pou ou tou ba li levanjil la. Paske si ou renmen moun an ase pou ou ede li pote yon ti chay, ou bezwen renmen moun nan ase pou ou anonse li bòn nouvèl Jezi a paske se Jezi sèlman ki kapab pote fado peche moun sa a.

Kisa legliz ye? Ki idantite Legliz?

Si ou rive nan yon biwo epi yo mande pou ou idantifye ou, ou gen dwa genyen kèk pyès idantite ki genyen foto ou, non ou. Genyen pyès ki gen dwa bay nasyonalite ou e ki kapab di si ou se yon gason osinon yon fi ke ou ye osinon ki metye ou.

Non sèlman idantite ou di kilès ou ye, men li detèmine kouman ou konpòte tèt ou. Pa egzanp, yon timoun kap leve pral ajè selon idantite li; ti gason pap ajè menm jan ak yon ti fi. An jeneral, yo pap mete menm kalite rad sou yo; yo pap enterese ak menm jwèt; paran yo pap trete yo menm jan; paran yo pap achte poupe pou pitit gason yo, ni yo pap achte ti machin pou pitit fi yo.

Si ou genyen yon pitit gason epi se tèt ti poupe li renmen penyen, sa ap voye ou al reflechi paske ou konnen ke se ti fi ki renmen fè bagay konsa. Se sak fè paran aprann timoun yo pou yo ajè e viv depann sou idantite yo.

Se konsa tou li enpòtan pou Legliz konnen idantite li. Jan ke Legliz konprann idantite li, sa pral fè diferans nan jan ke Legliz konpòte li. Si nou ki Legliz idantifye nou kòm yon bann tèt mare, nou pral viv tankou yon bann tèt mare tou. Si nou idantifye nou kòm yon gwoup moun ki pi bon pase tout lòt moun, nou pral gade tout moun kòm pi ba pase nou.

An jeneral, idantite pa yon bagay ke ou chwazi, men se yon bagay ki baze sou nesans ou. Yon gason se gason paske li fèt gason. Se pa mete pantalon sou ou ki fè ou gason, ni se pa bab nan figi ou ki fè ou gason, men ou se yon gason nan nesans ou. Se menm jan an tou ou pa vin yon kretyen paske ou ale legliz osinon paske ou mete kòl nan kou ou men se paske ou refèt ankò. Se dezyèm nesans lan ki fè ou kretyen.

Nan **Jan 3:3-5**, nou li:

*« Jezi reponn li: Sa m'ap di ou la a, se vre wi: Pesonn pa kapab wè Pèyi kote Bondye Wa a **si li pa fèt yon dezyèm fwa**. Nikodèm di li: Ki jan yon nonm ki fin granmoun ka fèt yon dezyèm fwa? Li pa ka tounen nan vant manman l', pou l' fèt yon lòt fwa ankò. Jezi reponn li: Sa m'ap di ou la a, se vre wi: Pesonn pa ka antre nan Pèyi kote Bondye Wa a **si li pa fèt nan dlo ak nan Sentespri**. »*

Premye nesans ou idantifye ou kòm yon imen, yon pechè. Dezyèm nesans ou idantifye ou kòm yon kretyen, yon moun sove.

Nan **1 Pyè 2:9-10**, nou jwenn kat (4) pwèn nan idantite Legliz.

« Men nou menm, nou se yon ras Bondye chwazi, yon bann prèt k'ap sèvi Wa a, yon nasyon k'ap viv apa pou Bondye, yon pèp li achte. Li fè tou sa pou n' te ka fè tout moun konnen bèl bagay Bondye te fè yo, Bondye ki rele nou soti nan fènwa a pou nou antre nan bèl limyè li a. »

Pyè di ke nou menm legliz se:

1. Yon ras Bondye chwazi.

Genyen diferan ras moun sou latè ki gen dwa baze sou koulè yo tankou blan, nwa, jon. Genyen ki baze sou peyi kote moun nan sòti tankou Ameriken, Ayisyen, Chinwa, Kiben, Izrayelit. Bondye chwazi pou Li fè yon lòt ras ki diferan de tout lòt ras yo e ras sa a se legliz, se ras kretyen an. Se nesans ou ki detèmine nan ki ras ou ye. Ayisyen fèt an Ayiti, Kiben fèt an Kiba, Ameriken fèt nan Etazini. Kretyen fèt nan Jezikri, li refèt ankò.

2. Yon bann prèt kap sèvi Wa a.

Youn nan premye prèt ki tap sèvi Bondye nan Bib la se te Mèlkisedèk dapre **Jenèz 14:18**. Nan tan lalwa, Bondye te chwazi Aawon ak pitit li yo pou yo te sèvi kòm prèt pou Li dapre **Egzòd 28:1**. Kounye a, se pa ni paste, ni pè, ni monseyè, ni evèk, ni bichòp kap sèvi kòm prèt pou Bondye, men se Legliz kap sèvi kòm yon bann prèt kap sèvi wa a.

Nan **Revelasyon 1:6**, Jan ekri:

« Li fè nou tounen wa ak prèt pou n' sèvi Bondye Papa li. Se pou li tout lwanj ak tout otorite pou tout tan. Amèn. »

Nan **Revelasyon 5:10**, Jan ekri:

« Ou fè yo tounen yon sèl nasyon pou Wa a, yon bann prèt k'ap sèvi Bondye nou an. Se yo ki va gouvènen sou latè a. »

Nan **Revelasyon 20:6**, Jan ekri:

« Benediksyon pou moun k'ap patisipe nan premie leve vivan soti nan lanmò sa a! Yo se moun Bondye vre. Dezyèm lanmò a p'ap gen pouvwa sou yo. Yo pral sèvi Bondye ak Kris la tankou prèt. »

3. Yon nasyon kap viv apa pou Bondye.

Nan **1 Pyè 2:10**, Pyè ekri: *« Anvan sa, nou pa t' menm yon nasyon. »* Men, kounye a, Bondye idantifye legliz kòm yon nasyon kap viv apa pou

Li. Sa vle di ke si yon moun ta mande ou ki nasyonalite ou, non sèlman ou se Ayisyen, men sa ki pi enpòtan ou se Kreyen. Legliz se yon nasyon kap viv apa pou Bondye. Pòl ekri nan **Filip 3:20**: « *Men nou menm, nou se sitwayen peyi ki nan syèl la.* »

4. Yon pèp Li achte.

Legliz pa pou ni pastè ni pou lepap. Legliz se pou Bondye ke li ye paske Bondye achte legliz. Nan **1 Korent 6:20**, nou li: « *Bondye achte nou kach, li peye chè pou sa. Se poutèt sa, sèvi ak kò nou yon jan pou fè lwanj Bondye.* »

Pòl ajoute nan **1 Korent 7:23**: « *Bondye te achte nou. Li peye byen chè pou sa. Pa tounen esklav moun.* »

Nan **Travay 20**, nou li ke Pòl te voye chache chèf reskonsab legliz Efèz la epi li te di yo: « *Veye kò nou, veye sou tout bann mouton Sentespri a mete sou kont nou. Okipe legliz Bondye a, **legliz li te achte ak pwòp san Pitit li a.*** » (**Travay 20:28**)

Nou bezwen reponn de (2) kesyon.

A- Poukisa Bondye te achte nou epi Li deklare legliz se yon ras Li chwazi, yon bann prèt kap sèvi Li, yon nasyon kap viv apa pou Li?

Nou jwenn repons lan nan menm pasaj la. Nou li nan **1 Pyè 2:9**:

« *Li fè tou sa pou n' te ka fè tout moun konnen bèl bagay Bondye te fè yo* »

B- Ki bèl bagay ke Bondye te fè yo?

Repons lan nan menm pasaj la ankò. Nou li nan **1 Pyè 2:9**:

« *Bondye ki rele nou soti nan fènwa a pou nou antre nan bèl limyè li a.* »

Legliz bezwen fè lemonn konnen bèl bagay Bondye te fè yo e pi bèl bagay ke Bondye fè pou Legliz se retire ke Li retire Legliz nan fènwa ke li te ye a epi Li mete Legliz nan bèl limyè Li a.

Dapre pasaj sa yo, nou kapab wè ke travay ki pi enpòtan pou Legliz se evanjelize, se fè lemonn konnen lanmou Bondye pou yo e jan ke Bondye vle sove yo.

Pòl ekri:

« *Se sa ki ekri nan Liv la: Nenpòt moun ki rele non Mèt la gen pou jwenn delivrans. Ki jan y'a fè rele l', si yo poko gen konfyans nan li? Ki jan pou yo gen konfyans nan li, si yo pa tandè pale sou li? **Ki jan pou yo tandè pale sou li, si pa gen pèsonn pou fè konnen mesaj la?** Ki jan pou yo fè fè konnen mesaj la, si pa gen moun yo voye pou sa? Dapre sa ki te ekri a: *Ala bèl bagay lè ou wè moun k'ap pote yon bon nouvèl ap vini!* » **(Women 10:13-15)***

Nou pral gade yon lòt pwèn nan idantite Legliz:

5. Sen

Nan Efezyen 1:1, Pòl ekri:

« *Mwen menm, Pòl, yon moun Bondye te deside chwazi pou apòt Jezikri, m'ap ekri lèt sa a voye bay **tout pèp Bondye** ki nan lavil Efèz la, k'ap kenbe fèm nan lavi y'ap mennen ansanm nan Jezikri.* »

Nan Bib Kreyòl la, nou li: *m'ap ekri lèt sa a voye bay **tout pèp Bondye** ki nan lavil Efèz la.* Nan lang orijinal ke pasaj sa a te ekri a, Pòl te ekri ke lap ekri lèt sa a voye bay « **sen yo** » ki nan lavil Efèz.

Nan Bib Anglè yo, li ekri: « **to the saints** »

Nan Bib Panyòl yo, li ekri: « **a los santos** »

Nan Bib Fransè yo, li ekri: « **aux saints** »

Pou yon rezon osinon pou yon lòt, moun ki fè tradiksyon liv Kreyòl la te chwazi pou yo pa itilize mo « **sen yo** », men se mo sa a ke Pòl te itilize.

Poukisa ke Pòl te rele Legliz « sen » an?

Premyèman, « sen » pa vle di san peche. Nou konnen ke tout moun fè peche. Dezyèmman, nou jwenn nan relijyon Katolik Womèn nan, sen se yon bagay ki diferan de sa ke Bib la di a. Se gwo chèf legliz yo ki deside kilès yo vle rele “sen”. De 1982 a 2004, Pap Jan Pòl II (2) te selebre seremoni pou deklare plis ke 480 moun sen. Kounye a, genyen preparasyon kap fèt pou fè misye sen tou.

Dapre Bib la, yon moun ki **sen**, se yon moun ki **sanktifye**, ki vle di ke yon moun ke **Bondye mete apa pou Li**.

Nan 2 Korent 1:21-22, nou li:

« *Se Bondye menm ki kenbe m' fèm, ansanm ak nou tout, nan lavi n'ap mennen nan Kris la. **Se li menm ki mete nou apa pou li, li menm ki make nou ak letanp li, ki mete Sentepri nan kè nou tankou yon garanti pou tou sa li sere pou nou.** »*

Se Bondye sèlman ki kapab fè travay sa a. Pa genyen okenn moun ki kapab deklare yon moun sen. Zafè Legliz Katolik Womèn kap deklare moun ke yo vle sen an, se yon bagay ki pa kanpe sou sa ke Bib la anseye. Depi ke ou asepte Jezi, ou sove, Bondye mete ou apa pou li, se yon sen ke ou ye.

« *Men, koulye a Bondye mete nou nan kondisyon pou nou sèvi l'. Gremesi Jezikri, Seyè a, **li mete nou apa pou li, li fè nou gras pa pouvwa Lespri Bondye nou an.** » (1Korent 6:11b)*

Nan lang Fransè a, vèsè sa a di:

« *Mais vous avez été lavés, mais **vous avez été sanctifiés**, mais vous avez été justifiés au nom du Seigneur Jésus Christ, et par l'Esprit de notre Dieu.»*

Genyen plis pwèn ki idantifye Legliz toujou; yon lòt pwèn ke nou pral gade sou idantite Legliz, se:

6. Kò Jezikri.

Nan **Efèz 1:23**, nou li:

« ***Legliz la se kò Kris la**, li konplete Kris la. Kris la menm, avèk pouvwa li, li konplete tout bagay ki toupatou. »*

Nan **Kolòs 1:18**, Pòl ekri ke Jezi se ki tèt legliz la, legliz la se kò li. Se li menm ki bay kò a lavi.

Nan **1 Korent 16:27**, nou li:

« *Nou tout, **nou se kò Kris la**: nou chak se yon manm nan kò sa a.»*

Nan **Women 12:5-6**, nou li:

« *Se konsa tou, nou anpil, men nou fè yon sèl kò ansanm ak Kris la. **Nou tout nou fè yon sèl kò tou yonn ak lòt**, tankou plizyè manm nan yon sèl kò. Bondye pa bay tout moun menm don. Men, nou fèt pou nou sèvi ak kado a dapre favè Bondye fè nou an. »*

Legliz ak Jezi se yon sèl; Jezi se tèt la, Legliz se kò a. Jezi ap fè desizyon, Jezi ap pase lòd epi Legliz ap obeyi. Menm jan kò nou genyen anpil manm, Legliz la tou genyen anpil manm. Menm jan chak manm nan kò nou itil nan zafè pa yo, chak manm nan Legliz la gen itilite pa li tou.

Grenn je pa genyen plis enpòtans ke bouch; bouch pa genyen plis enpòtans ke pye; pye pa genyen plis enpòtans ke ponyèt. Se menm jan an tou, pastè pa genyen plis enpòtans ke monitè lekòl di dimanch; monitè a pa genyen plis enpòtans ke moun kap dirije sèvis la; dirijan pa genyen plis enpòtans ke anseyan. Yo tout se menm kò a ke yo ye, se travay yo sèlman ki diferan.

7. Pitit Bondye

Nan **Jan 1:12-13**, nou li:

*« Men, sa ki te resevwa l' yo, sa ki te kwè nan li yo, li ba yo pouvwa tounen **pitit Bondye**. Yo pa t' vin pitit Bondye jan sa fèt pami lèzòm sou latè, paske sa pa t' soti nan egzijans lachè, ni nan volonte lèzòm. Se Bondye menm ki te papa yo. »*

*« Lespri Bondye a bay lespri pa nou an lasirans **se pitit Bondye nou ye**. »(Women 8:16)*

*« Mezanmi, koulye a **nou se pitit Bondye**. Nou poko konnen egzakteman sa nou pral tounen. Men, nou konnen lè Kris la va parèt nou pral tounen tankou l', paske nou pral wè l' jan l' ye a. »
(1 Jan 3:2)*

8. Eritye ak Jezi

*« Si se pitit Bondye nou ye, **nou gen pòsyon pa nou nan eritaj Bondye te pwomèt moun pa l' yo**, n'a resevwa pa nou ansanm ak Kris la nan tou sa Bondye te sere pou li. Paske, si nou soufri ansanm ak li, n'a resevwa lwanj nan men Bondye ansanm ak li tou.
» **(Women 8:17)***

*« Si ou se moun Kris la, enben ou se pitit pitit Abraram. **Ou gen pou resevwa eritaj Bondye te pwomèt la**. » **(Galasi 3:29)***

9. Tanp Bondye

*« Eske nou pa konnen se **tanp Bondye a nou ye**, se Lespri Bondye a ki rete nan kè nou? Enben, si yon moun kraze tanp Bondye a,*

*Bondye ap kraze l' tou. Paske tanp Bondye a se yon bagay ki apa pou li. **Se nou menm ki tanp Bondye a.**» (1 Korent 3:16-17)*

Tamp Bondye a, se te nan lavil Jerizalèm ke li te ye. Se la pou yo te vin adore e pou yo te fè sakrifis yo tou. Men, nou jwenn ke Pòl di ke se nou menm ki tanp Bondye a. Lè nou gade nan Jan 4, nan konvèsasyon Jezi ak fanm Samaritèn nan, Jezi te pale sou sa. Nou li:

*« Lè sa a, fanm lan di l': Gen lè ou se yon pwofèt, msye? Zansèt nou yo nan peyi Samari te sèvi Bondye sou mòn sa a. **Men nou menm jwif, nou di: Sèl kote pou moun sèvi Bondye, se lavil Jerizalèm.** Jezi reponn li: Madanm, ou mèt kwè mwen. **Lè a pral rive, se pa ni sou mòn sa a, ni lavil Jerizalèm pou n' sèvi Papa a.** Nou menm, moun Samari, nou pa konnen sa n'ap sèvi a. Nou menm jwif, nou konnen sa n'ap sèvi a, paske moun k'ap vin pou sove a, se nan mitan jwif yo l'ap soti. Men, lè a ap rive, li rive deja: tout moun k'ap sèvi tout bon yo pral sèvi Papa a nan kè yo jan sa dwe fèt. Se moun konsa Bondye vle pou sèvi li. Bondye, se Lespri li ye. **Tout moun k'ap sèvi l', se pou yo sèvi l' nan lespri yo jan sa dwe fèt la.** » (Jan 4:19-24)*

Nan Jan 2, Jezi te pale de yon tanp ke mesye jwif yo pat konprann, nou li:

*« Jwif yo mande li: Ki mirak ou ka fè pou moutre nou ou gen dwa fè sa w'ap fè la a? Jezi reponn yo: **Kraze tanp sa a koulye a. Nan twa jou m'ap rebati l' ban nou.** Jwif yo di li: Yo pran karannsizan pou yo bati tanp sa a, pou ou menm, pou ou ta pran twa sèl jou pou rebati li? » (Jan 2:18-20)*

Jezi tap pale de kò li ki se tanp Bondye, Jwif yo te panse ke Jezi tap pale de tanp ki nan lavil Jerizalèm nan. Kò nou se tanp Bondye paske Sentespri abite nan nou. Jezi te di disip li yo:

*« **M'ap mande Papa a pou l' ban nou yon lòt moun pou ankouraje nou, pou li ka toujou la avèk nou, se Sentespri k'ap moutre nou verite a.** Moun k'ap viv dapre prensip lemonn pa ka resevwa l', paske yo pa ka wè l', ni yo pa ka konnen li. Men nou menm, nou konnen l' paske li rete nan kè nou,* paske **li nan nou.** » (Jan 14:16-17)*

Depi yon moun asepte Jezi, Sentespri abite nan moun sa a; se tanp Bondye ke moun nan ye. Yon kretyen pa kapab viv nenpòt jan li vle paske Sentespri Bondye avèk li tout kote le li pase. Anpil fwa, lè yon moun di yon move mo, yon betiz devan yon moun ke li respekte, li mande eskiz pou sa. Men, ki valè move mo ki sòti nan bouch

ou, ki valè peche ke ou komèt pandan ke Sentespri la ansanm avèk ou? Pòl di moun Korent yo konsa:

*« Se konnen nou pa konnen **kò nou se tanp Sentespri** k'ap viv nan kè nou, Sentespri Bondye te ban nou an? Nou pa mèt tèt nou ankò. Bondye achte nou kach, li peye chè pou sa. Se poutèt sa, **sèvi ak kò nou yon jan pou fè lwanj Bondye.** » (1 Korent 6:19-20)*

Pòl ajoute nan **2 Korent 6:16**:

*« Kisa kay Bondye a gen pou wè ak zidòl? **Nou se kay Bondye vivan an**, pa vre? Se Bondye menm ki di sa: M'a vin rete, m'a viv nan mitan yo. M'a tounen Bondye yo, y'a tounen pèp mwen.»*

Istwa Legliz

« Frè m' yo, men sa m' ap mande nou, nan non Jezikri, Seyè nou an.
Tanpri, mete nou dakò sou tout bagay.

Pa kite divizyon mete pye nan mitan nou.

Okontrè, se pou nou viv byen yonn ak lòt. Mete yon sèl lide nan tèt nou, se pou nou tout gen yon sèl pawòl. Mwen di nou sa, frè m' yo, paske m' vin konnen nan bouch kèk moun nan fanmi Kloe a, te gen gwo kont pete nan mitan nou. Men sa m' vle di: Chak moun ap di yon bagay diferan.

Sa a di: mwen se moun Pòl. Yon lòt di: mwen se moun Apolòs. Yon lòt ankò di: mwen se moun Pyè. Yon lòt ankò: mwen se moun Kris la. Nan kondisyon sa a, Kris la gen lè divize? Eske se Pòl yo te kloure sou kwa a pou nou? Osinon, èske se nan non Pòl yo te batize nou?

Mwen di Bondye mèsi dèske mwen pa t' batize nou yonn, an wetan Krispis ak Gayis. Konsa, pesonn pa ka di yo te batize nan non Pòl. (Mwen t' ap bliye sa: mwen te batize Estefanas ak moun lakay li yo tou. Men, mwen pa chonje m' te batize pesonn lòt ankò.) Epitou, Kris la pa t' voye m' batize moun. Li te voye m' anonse Bon Nouvèl la, epi se pou m' anonse l' san m' pa bezwen sèvi ak bèl diskou bon konprann lèzòm, pou m' pa fè lanmò Kris la sou kwa a pase pou anyen. »

(1 Korent 1:10-17)

Nou pa jwenn moun kap swiv Pòl osinon Apolòs osinon Pyè nan tan nap viv kounye a. Bagay yo modènize, se batis, pannkotis, advantis, kòdekris, etcetera kap mennen kounye a. Kretyen yo divize kò Kris la epi se avèk gwo fyète pou youn di ke se batis ki pi bon, yon lòt di se pannkotis ki nan chemen an tout bon.

Nan **Travay 24:5**, nou jwenn yo te rele moun Legliz: **Gwoup Nazareyen yo.**

Nan **Travay 11:26**, nou jwenn yon lòt non pou moun Legliz: **Kretyen.**

Si ou pale avèk yon moun ki nan katolik, li gen dwa di se legliz katolik ke Jezi te kite sou latè lè Li te monte nan syèl. Pou kòmanse, sa se yon manti. Legliz katolik pran nesans prèske twasan (300) ane aprè Jezi monte nan syèl.

Objektiv nou nan chapit sa a, se pa pou nou aprann tout detay nan istwa legliz, men li enpòtan pou nou konprann ke anpil doktrin ke nou jwenn nan asanble ki di ke yo se kretyen pat la depi nan tan apot yo, men se bagay ki vin antre nan mitan kretyen e ki pa genyen anyen pou wè ak legliz Jezi ap vini chache a.

An nou fè yon rezime sou istwa legliz!

(Ane 30 a 70) Tan Jezi ak apot yo.

- Lanmò ak rezireksyon Jezi.
- Travay legliz la kòmanse nan jou pannkòt la
- Jwif yo kòmanse pèsekite legliz
- Levanjil gras la gaye nan lemonn

Jezi ak apot yo te sèvi nan relijyon ki rele “Jidayis” la. Se relijyon moun jwif yo ki te sòti nan ras Abraram. Nan Jidayis la te genyen diferan gwoup osinon sèk ki pat wè tout bagay yo menm jan. Ladan yo, nou jwenn Farizyen yo, Sadiseyen yo ke Bib la pale sou yo. Te genyen lòt sèk ankò ke nou pa jwenn nan Bib la tankou Esin yo.

Dapre Travay 11:26, se nan lavil Antyòch ke non “Kretyen” an te itilize an premye. Men yo te konsidere kretyen yo tankou yon nouvo sèk nan relijyon Jidayis la. Nan Travay 24, Tetilis ki te vle akize Pòl te di konsa:

« Nou fin wè nonm sa a se yon gwo nwizans: l'ap mache fè dezòd nan mitan jwif yo toupatou sou latè. Se chèf gwoup Nazareyen yo li ye. »

(Ane 70 a 312) Gouvènman Women an ap pèsekite legliz.

- Nero, yon anperè Women te touye anpil kretyen
- Anba anperè Women, Dyoklesyen, Pèsekisyon an te vin pi gwo

Nan ane 64, yon gwo dife te boule lavil Wòm. Dife a te fè anviron sèt jou ap boule. Genyen moun ki di ke se Nero menm ki te mete dife a pou li te kapab bati zafè pa li. Men, Nero te blame kretyen yo pou dife a; konsa li te fè touye anpil kretyen. Pèsekisyon an te kontinye pou anviron desan (200) ane men li vin pi grav lè ke gouvènman Women an deklare ke relijyon Kretyen an pa legal.

Women yo te sèvi yon bann dye men kretyen yo te sèvi yon sèl ki se Bondye vivan an. Yo ekri lwa pou kretyen yo aplike ki di ke pou yo sèvi lòt dye yo tou. Kretyen ki pat vle adore zidòl te soufri anpil. Genyen kretyen ke yo te mete nan prizon; genyen tou ki te mouri nan bouch lyon ak bèt sovaj.

(Ane 312 a 590) Tan gouvènman ki swadizan Kretyen.

- Konstanten di ke li se Kreyen
- Konstanten deklare ke relijyon kreyen an relijyon ofisyèl wayom Women an
- Nesans relijyon Katolik women an

Gouvènman Women an te konkeri yon bann lòt pèp; lè yo batay ak yon pèp epi yo genyen batay la, pèp sa a vin fè pati de wayòm Women an; yo vin travay anba gouvènman Women an menm jan ke Israyèl te anba gouvènman Women an nan tan Jezi. Tout pèp ki te anba gouvènman Women an te genyen diferan dye ke yo te sèvi. Konsa, nan wayòm Women an, yo te sèvi anpil dye. Nan **Travay 14 vèsè 11 ak 12**, nou jwenn moun nan vil Ikonyòm te pran Pòl ak Banabas pou de (2) dye ki te desann sou latè.

Nan ane 313, Konstanten deklare ke relijyon Kreyen an legal paske li te vin yon kreyen tou. Nan ane 325, wayòm Women an te kòmanse ap divize, Konstanten te panse pou li te reyini tout wayòm nan anba yon sèl relijyon ki se relijyon Katolik Womèn. Katolik la te vle di: “inivèsèl”, sa vle di yon relijyon inivèsèl pou tout wayom Women an.

Men li te konnen ke se pa tout moun kap asepte kite dye pèp pa yo a pou yo sèvi yon lòt dye ki pa dye pèp pa yo a. Chak vil te genyen yon dye ke yo te sèvi. Chak bagay ki nan lanati te genyen yon dye ki te reskonsab pou yo.

Paske moun nan wayom Women an te abitye sèvi yon pil dye, Konstanten ki konnen ke yo pap asepte sèvi yon sèl dye, li fè yon melanj pou relijyon Katolik Womèn nan. Pa egzanp, chak vil nan wayòm Women an te genyen yon dye pou lavil la ak yon tanp pou adore dye sa a. Nan **Travay 19:27**, nou jwenn yon tanp nan lavil Efèz pou yon dye yo rele Artemis. Konstanten vin fè yon chanjman; yo pa rele yo dye ankò yo ranplase yo ak **patron sen** pou chak vil yo. Se rezon sa a ki fè, kounye a, nou wè nan relijyon Katolik Womèn nan, chak zòn, distri osinon pawas genyen **patron sen** pa yo.

Genyen anpil lòt bagay ki vin antre nan legliz tankou zafè Sent Vyèj Mari a. Legliz pat janm konn ni adore Mari ni mande pou li entèsede pou yo. Genyen yon dye (fanm) ke moun Ejiptyen yo te konn sèvi ki te rele “Isis”. Dye sa a te genyen anpil tit; youn nan tit yo se te “Rèn syèl la”. Lòt tit ankò se te “Manman Bondye”.

Pou yo te kapab rale moun ki te konn sèvi Isis yo vin nan relijyon Katolik Womèn nan, yo te bay Mari, manman Jezi tit sa yo. Men, pa genyen yon kote nan Bib la ki montre nou ke mari te genyen tit sa yo.

		<p>Nan foto ak estati Isis yo, yo te reprezante li ak yon timoun nan men li. Konsa, nouvo relijyon Katolik womèn nan vin chanje Isis an Mari epi timoun nan an Jezi pou yo te kapab sedwi moun ki tap sèvi zidòl sa a.</p>
<p>Estati Isis</p>	<p>Foto Mari ak Jezi</p>	

Kounye a, se relijyon sa a ki vin ap pèsèkite lòt relijyon yo. Sa vin fè ke anpil moun te antre nan relijyon an pou yo pap sibi pèsèkisyon.

(Ane 590 a 1517) Tan gouvènman Legliz Katolik Womèn

- Gouvènman Women an pèdi pouvwa
- Legliz Katolik Womèn pran plis otorite
- Tan gwo Kwazad yo

Legliz Katolik Womèn nan te kontwole relijyon, politik, edikasyon, filozofi. Yo te aprann moun yo ke Pap la se reprezantan Jezi ke li ye. Konsa, li genyen dwa ak pouvwa pou li fè sa ke li vle. Genyen anpil bagay yo te anseye ki pat verite, pa egzanzp:

1. Apot Pyè se te premye pap ki te òdone, epi pap yo se ranplasan Pyè ke yo ye.
2. Travay pou sove.
3. Yon bagay yo rele pigatwa.
4. Adore sen ke Legliz la chwazi.

(Ane 1517 a 1648) Tan Refòmasyon

- Martin Luther ak mouvman protestan an.
- Kòmansman diferan denominasyon tankou literyen, anabatis.
- Pap la pèdi nan pouvwa li.

Doktrin Legliz Yo

Youn nan pi gwo pwoblèm ki genyen nan legliz se kontinye pratike yon seri de bagay ki pa bibliik. Bagay sa yo se yon seri de bagay ke nou aprann nan men lòt moun ke nou fè konfyans, men bagay sa yo anpil fwa konn pa dakò ak pawòl Bondye.

Ladim dapre Malachi

Eske Malachi 3:6-12 pou Legliz?

Ladim se yon sijè ki delika anpil, anpil. Genyen anpil legliz ki itilize pasaj nan liv Malachi a pou yo pratike ladim. Se yon sijè ke mwen te konn di ke mwen pa enterese pou mwen pale sou li paske mwen pap mele nan zafè lajan Legliz. Men, mwen fini pa konprann ke sijè sa a genyen pou wè plis ak gras Bondye fè nou ke avèk lajan. Pasaj la di konsa:

*« Mwen se Seyè a, mwen p'ap chanje. Se poutèt sa nou menm, **pitit pitit Jakòb yo**, nou pa disparèt nèt.*

*⁷Depi sou tan zansèt nou yo nou pa okipe sa m' te ban nou **lòd** fè. Nou pa swiv yo. Tounen vin jwenn mwen. Mwen menm, m'a tounen vin jwenn nou tou. Se Seyè ki gen tout pouvwa a menm ki di sa. N'ap mande m' sa pou nou fè pou nou tounen vin jwenn mwen?*

*⁸Mwen menm m'ap mande nou: Eske yon moun ka twonpe Bondye? Non. Men, se twonpe n'ap twonpe m'. N'ap mande ki jan n'ap twonpe m' lan. M'ap reponn nou: Nan keksyon **ladim ak lòt bagay nou fèt pou nou ofri m' yo**.*

*⁹Gen yon madichon ki gen pou tonbe sou nou tout, paske **tout moun nan peyi a ap twonpe m'**.*

*¹⁰Pote tout ladim lan nèt nan **tanp** lan, san wete anyen ladan l', pou ka gen manje nan **tanp** lan. Se pou nou fè sa pou nou wè si mwen p'ap kenbe pawòl mwen vre. n'a wè si mwen p'ap louvri syèl la fè lapli tonbe, si mwen p'ap vide benediksyon sou nou an kantite.*

¹¹Mwen p'ap kite chini vini pou detwi rekòt jaden nou ankò, ni pou anpeche pye rezen nou yo donner. Se Seyè ki gen tout pouvwa a menm ki di sa.

*¹²Lè sa a, moun toupatou sou latè va rekonèt jan Bondye beni nou, paske sa pral bon nèt pou moun k'ap viv **nan peyi nou an**. Se Seyè ki gen tout pouvwa a ki di sa. »*

Li enpòtan pou nou konprann ke Izrayèl ak Legliz pa menm bagay ditou. Genyen douz (12) tribi nan Izrayèl; pa genyen bagay konsa nan Legliz. Dapre **Jenèz 32: 28**, Bondye te chanje non Jakòb, Li te rele l Izrayèl epi se douz pitit misye yo ki vin bay douz tribi Izrayèl la. Legliz menm te pran nesans nan jou fèt Pannkot la.

Izrayèl se yon peyi, Legliz pa yon peyi. Pèp Izrayèl te pase nan esklavaj nan peyi Lejip; Legliz pat janm an esklavaj nan peyi Lejip. Izrayèl te vin antre anba lalwa; Legliz pat janm anba lalwa. Izrayèl te genyen wa tankou Sayil, David, Salomon; Bondye pa janm mete wa pou dirije Legliz. Izrayèl te menm rive pèsekite Legliz. Pòl di nan **1 Tesalonik 2:14-15**:

« Frè m' yo, sa ki rive nou an, se sa ki te rive manm legliz Bondye k'ap viv pou Jezikri nan peyi Jide a. Menm sa yo te soufri nan men jwif yo, se sa nou soufri tou nan men moun menm peyi ak nou yo. Se jwif yo ki te fè touye ni Jezi, Seyè a, ni pwofèt yo. Se yo menm tou ki te pèsekite m' ansanm ak zanmi m' yo. Yo pa soti pou fè Bondye plezi. Yo fè lènmi ak tout moun. »

Nou kapab wè ke legliz ak Izrayèl pa menm bagay ditou. Konsa, si ou pran pasaj ki ekri pou Izrayèl epi ou eseye aplike yo pou legliz, wap jwenn pwoblèm. An nou gade kèk pasaj epi deside si pasaj sa yo se pou Izrayèl sèlman osinon pou ni Izrayèl ni Legliz.

- 1- *« Si yon moun bay papa l' osinon manman l' madichon, **se pou yo touye l'**. » (Egzòd 21:17)*
- 2- *« Se pou nou **touye tout fanm k'ap fè maji**. » (Egzòd 22:18)*
- 3- *« Pandan sizan n'a travay tè a, epi n'a ranmase sa li bay. Men, **sou setyèm lanne a, n'a kite tè a poze**. Menm si li bay kichòy, nou p'ap ranmase anyen sou li. N'a kite rekòt la pou pòv malere yo. Rèl la va rete pou bèt nan bwa manje. N'a fè menm bagay la tou pou jaden rezen ak jaden oliv nou yo. » (Egzòd 23:10-11)*
- 4- *« Seyè a di Moyiz konsa: W'a di pèp Izrayèl la: Se pou nou respekte jou repo mwen yo, paske se va yon siy ant mwen menm ak nou menm, ak tout pitit pitit nou yo, pou fè konnen se mwen menm, Seyè a, ki mete nou apa pou mwen. Se poutèt sa, se pou nou respekte jou repo a paske se yon jou pou nou mete*

*apa pou mwen. Si yon moun pa respekte jou sa a, se pou yo touye l'. Si yon moun fè nenpòt ki travay jou sa a, se pou yo disparèt li nan mitan pèp li a. N'a fè tout travay nou pandan sis jou. Men setyèm jou a, se va yon gwo jou repo, jou n'a mete apa pou Seyè a. **Nenpòt moun ki fè nenpòt ki travay jou sa a, se pou yo touye l'.** Se tout pèp la nèt ki pou respekte jou repo a de pitit an pitit. Se yon kontra ki la pou tout tan.» (Egzòd 31:12-16)*

5- « Bondye di Abraram. Men ou menm ansanm ak tout ras ou, de pitit an pitit, se pou nou dakò pou nou kenbe kontra a avèk mwen. Men sa pou ou menm ansanm ak tout pitit ou yo pou nou dakò fè: se pou tout gason nan mitan nou sikonsi. Depi koulye a, **se pou nou sikonsi tout gason.** Se pou sa sèvi yon siy pou moutre gen yon kontra ki pase ant nou menm avè m'. » (Jenèz 17:9-11)

6- « Men sa pou ou di pep Izrayèl la pou mwen. Lè yon fanm vin ansent, epi li fè yon pitit gason, li p'ap nan kondisyon pou l' fè sèvis pou mwen pandan sèt jou apre jou akouchman an, menm jan li pa ka fè sèvis pou mwen lè li gen règ li. Sou wityèm jou a, **y'a sikonsi pitit la.** » (Levitik 12:2-4)

Pa genyen jan ou kapab mande pou Legliz mete pasaj sa yo an aplikasyon paske li klè ke pasaj sa yo pa pou Legliz. Li klè tou ke liv Malachi a pat ekri pou Legliz. An nou gade premye vèsè nan liv Malachi a.

*« Men mesaj Seyè a te bay Malachi pou fè **pèp Izrayèl la** konnen volonte li. Men desizyon Seyè a. » (Malachi 1:1)*

Pou kòmpanse, nou wè nan premye vèsè nan liv Malachi a ke mesaj nan liv Malachi a se pou Izrayèl li ye. Si nou kontinye li, nap wè klèman ke se pa pou Legliz pawòl sa yo ye. Nan vèsè 8 la, nou li:

« Lè nou mennen yon bèt je pete pou yo touye pou mwen, atò, sa se pa bagay ki mal? Lè nou mennen yon bèt k'ap mache bwete, yon bèt tou malad, sa se pa bagay ki mal? Seye pote yon bèt konsa bay yon gwo chèf non! Eske l'ap kontan? Eske la ba ou yon favè? » (Malachi 1:8)

Legliz pa genyen anyen pou wè ak sakrifis, konsa vèsè sa a pap pale ak Legliz. Anplis ladim se te pou tribi Levi a ke li te ye. Moyiz te ekri:

« *Seyè a di konsa: -Mwen mete tout ladim moun Izrayèl yo va bay la apa pou moun branch fanmi Levi yo, pou sèvis y'ap rann nan tanp lan, pou travay y'ap fè nan Tant Randevou a. » (Nonb 18:21)*

Nan liv Ebre a, nou li:

« *Dapre lalwa Moyiz, se nan ras Levi ase yo chwazi moun ki pou sèvi prèt. Prèt sa yo resevwa lòd pou yo mande pèp la yon dizyèm sou tout bagay, sa vle di, yo mande moun ki sitwayen menm peyi ak yo pou bay yon dizyèm nan tou sa yo genyen. Men, yo tout se pitit pitit Abraram yo ye. » (Ebre 7:5)*

Mwen pa kwè genyen okenn pastè osinon kretyen ki kapab di ke yo sòti nan ras osinon nan branch fanmi Levi yo. Ladim nan se te pou tribi Levi a ke li te ye. Bondye te chwazi tribi sa a pou travay nan tanp lan. Moun sa yo pat gen dwa travay nan okenn lòt kote ke nan sèvis tanp lan. An nou gade twa (3) pasaj; nan pasaj say o, se Bondye menm kap pale.

« *Mwen pran moun Levi yo tankou yon kado moun yo fè m', mwen renmèt yo nan men Arawon ak pitit gason l' yo pou yo fè travay moun Izrayèl yo gen pou yo fè nan Tant Randevou a, pou mande Bondye gras pou pèp la. Konsa, okenn malè p'ap rive tonbe sou pèp la paske yo p'ap janm bezwen pwoche twò pre kote ki apa nèt pou mwen nan tanp lan. » (Nonb 8:19)*

« *Depi koulye a, se moun Levi yo ki va pran swen tout bagay nan Tant Randevou a. Y'a reskonsab pou tout bagay mal y'a fè. Sa se yon lòd sevè pou tout moun swiv de pitit an pitit. Se konsa yo menm tou, yo p'ap gen tè k'ap rele yo pa yo pou tout tan nan mitan pèp Izrayèl la. M'ap bay moun Levi yo tout ladim moun pèp Izrayèl yo pran sou sa yo genyen pou ofri bay Seyè a. Se poutèt sa, mwen di moun fanmi Levi yo p'ap gen okenn pòsyon tè ki pou rele yo pa yo nan peyi Izrayèl la. » (Nonb 18:23-24)*

« *Pa bliye moun Levi k'ap viv nan lavil nou yo paske yo menm yo pa gen anyen ki rele yo pa yo. Chak twazan, n'a pran ladim tout rekòt n'a fè nan lanne a, n'a mete yo nan pòtay lavil nou yo. Moun Levi yo ki pa gen anyen ki rele yo pa yo va vini, y'a pran sa yo bezwen. Konsa tou, moun lòt nasyon yo, timoun ki pèdi papa yo, fanm vèv yo va vini, y'a pran sa yo bezwen. Se konsa, Seyè a,*

Bondye nou an, va beni nou nan tou sa n'ap fè. » (Deteronòm 14:27-29)

An konklizyon sou sijè ladim nan, men sa nap di, katryèm kòmandman nan dis (10) kòmandman yo di konsa:

« Toujou chonje jou repo a pou nou mete l' apa pou mwen. N'a travay sis jou. Lè sa yo n'a fè tou sa nou gen pou fè. Men, setyèm jou a, se jou repo pou nou mete apa pou Seyè a, Bondye nou an. Jou sa a, nou p'ap fè ankenn travay, ni nou menm, ni pitit gason nou, ni pitit fi nou, ni moun k'ap travay lakay nou, ni bèt nou yo, ni etranje ki lakay nou. » (Egzòd 20: 8-10)

Jou repo a ki vle jou saba a, Legliz pa obsève li paske se bagay lalwa ke saba ye!

« Men sa pou ou di pep Izrayèl la pou mwen. Lè yon fanm vin ansent, epi li fè yon pitit gason, li p'ap nan kondisyon pou l' fè sèvis pou mwen pandan sèt jou apre jou akouchman an, menm jan li pa ka fè sèvis pou mwen lè li gen règ li. Sou wityèm jou a, y'a sikonsi pitit la. » (Levitik 12:2-4)

Legliz pa obsève sikonsizyon paske se bagay lalwa ke li ye!

« Jou n'ap fè ofrann premye makout rekòt la, n'a pran yon ti belye ki pa gen ankenn enfimite epi ki poko gen ennan, n'a boule l' nèt pou Seyè a. N'a ofri ansanm avè l' tou katòz ti mamit farin frans melanje ak lwil oliv pou nou boule nan dife pou Seyè a. Bon sant ofrann lan va fè Seyè a plezi. N'a ofri tou yon boutèy ka diven pou yo vide pou Seyè a. » (Levitik 23:12-13)

Legliz pa fè sakrifis paske se bagay lalwa ke li ye! Ki rezon ki fè ke se ladim nan ke Legliz vle kenbe? Jak te ekri:

« Moun ki obsève tout lalwa a men ki dezobeyi yon sèl nan kòmandman yo, se tankou si l' te dezobeyi tout kòmandman yo. » (Jak 2:10)

Nan **Matye 23**, nou li ke Jezi tap pale avèk mesye farizyen yo ak direktè lalwa yo. Nou kapab konpare mesye sa yo ak pastè, evèk, bichòp Legliz nan pozisyon ke yo te ranpli. Se yo menm ki te la pou anseye pèp la sou sa lalwa mande pou fè. Jezi te di konsa:

« Malè pou nou, nou menm dirèktè lalwa ak farizyen, bann ipokrit! Nou bay Bondye ladim nan rekòt pye mant, pye ani etwale ak pye

pèsi, men, nou neglije bagay ki pi konsekan nan lalwa a: n'ap fè lenjistis, nou pa gen kè sansib, nou pa kenbe pawòl nou. Men sa pou n' te fè san nou pa neglije lòt bagay yo. Nou menm k'ap kondi pèp la, nou se yon bann avèg pou tèt pa nou. Nou pase lèt la nan paswa pou nou wete ti mouch ki tonbe ladan li. Men, nou vale yon chwal! » (Matye 23:23-24)

Menm anba lalwa, Jezi te mete plis enpòtans sou moun ki pratike lajistis, moun ki gen kè sansib, moun ki kenbe pawòl yo. Zafè ladim te genyen mwens enpòtans nan zye Jezi. Konsa, genyen yon seri de mesaj mwen tande sou zafè ladim, mwen poze tèt mwen kesyon; èske moun nan se enterè Bondye osinon se enterè pèsonèl li ke li wè. Mwen panse ke genyen anpil moun ki anseye pou Legliz pratike ladim paske se ansèyman sa a ke yo te jwenn, men genyen yon minorite ki pratike li pou yo kapab esplwate Legliz.

Yon bagay ki enpòtan pou nou konnen, sè ke malgre ke liv Malachi a te ekri pou pèp Izrayèl, sa pa vle di ke ou pa bezwen bay lajan. Pòl te ekri:

*« Chonje sa byen: Moun ki simen ti kras va rekòlte ti kras. Moun ki simen anpil va rekòlte anpil. **Se pou chak moun bay jan yo te deside nan kè yo, san yo pa règrèt anyen, san moun pa bezwen fòse yo, paske Bondye renmen moun ki bay ak kè kontan.** Bondye menm gen pouvwa pou l' ban nou tout kalite benediksyon an kantite. Li fè sa, pa sèlman pou nou ka toujou genyen tou sa nou bezwen, men pou nou ka gen rès ki rete pou n' fè tout kalite bon zèv. » (2 Korent 9:6-8)*

Si se moun ki pou fòse ou pou ou kontribye pou ede Legliz, ou pa bezwen menm bay menm, paske Bondye renmen moun ki bay ak kè kontan. Bondye ba ou ase pou ou kapab viv epi pou ou itilize rès ki rete a pou ou fè bon zèv.

Nou konnen ke genyen anpil moun ki nan bezwen swa nan mitan nou osinon nan lòt asanble. Se frè ak sè nou yo ye; konsa kòman ou konprann pou vant ou plen tèlman se sere wap sere manje epi yon lòt frè ap pral dòmi tou grangou. Se sa ke Kretyen Masedwan yo te fè lè Kretyen Jerizalèm yo te genyen pwoblèm. Pòl te ekri:

*« Frè m' yo, mwen ta renmen nou konnen ki jan Bondye te fè wè favè l' nan legliz ki nan peyi Masedwan yo. Patizan Kris yo te pase anba anpil eprèv avèk tout soufrans ki te tonbe sou yo. Men, yo te sitèlman kontan, yo te moutre jan yo ka bay ak tout kè yo, malgre yo te nan nesosite. Sa m'ap di nou la a, se vre wi: **yo bay sa yo te kapab, yo menm bay pase sa yo te kapab. San moun pa fòse yo, se yo menm menm ki mande, se yo menm menm ki plede ak nou pou nou ba yo privilèj patisipe nan sekou n'ap voye***

pou manm pèp Bondye nan peyi Jide a. Sa depase sa nou te kwè a anpil: yo ofri tèt yo bay Seyè a anvan. Apre sa, yo ofri tèt yo ban nou jan Bondye vle l' la. » (2 Korent 8:1-5)

Moun yo te wè ke se te yon privilèj pou yo te bay nan sa ke yo genyen; nou bezwen konprann sa tou. Lalwa te mande yon dizyèm nan sa ou genyen, gras la mande pou ou bay tout ou menm. Si ou konprann ke Bondye te achte ou avèk san Pitit Li a Jezi, fòk ou reyalize ke ni ou, ni bagay ou posede, tout se pou Bondye e ou bezwen itilize yo pou glwa Bondye.

*« Si nou mete tout kè nou pou nou bay, Bondye ap asepte kado nou bay la. L'ap gade sou sa nou genyen, li p'ap gade sou sa nou pa genyen. Sa pa vle di se pou nou mete tèt nou nan lamizè lè n'ap soulaje lòt moun. Men, se pou tout moun menm jan. **Si koulye a nou gen anpil, se pou n' ede sa ki nan nesosite yo. Si yon jou pita nou vin nan nesosite, epi yo menm yo gen anpil, lè sa a y'a kapab ede nou tou.** Konsa tout moun va menm jan, dapre sa ki te ekri nan Liv la: Moun ki te ranmase plis yo pa t' gen twòp. Moun ki te ranmase pi piti yo pa t' manke anyen. » (2 Korent 8:12-15)*

Legliz genyen ase pou youn pran swen lòt, men lanmou lajan fè anpil moun souffri. Si ou genyen ase pou ou sere fè pil, epi ou pa ede frè osinon sè ki nan bezwen yo, ou pap fè sa ke Bondye mande. **Men, chak fwa ke ou ede yon moun ki nan bezwen, konnen sa byen, se Jezi menm ke ou ede.**

« Apre sa, wa a va pale ak sa ki sou bò dwat li yo, la di: Vini non, nou menm ki resevwa benediksyon Papa m', vin pran posesyon peyi ki te pare pou nou depi lè Bondye t'ap kreye lemonn lan.

***Mwen te grangou, nou ban m' manje;
mwen te swaf dlo, nou ban m' bwè.
Mwen te lwen peyi m', nou te resevwa m' lakay nou.
Mwen te toutouni, nou te ban m' rad.
Mwen te malad, nou pran swen m';
mwen te nan prizon, nou vin wè mwen.***

Lè sa a, moun ki te fè byen yo va reponn li: Mèt, kilè nou te wè ou grangou pou n' te ba ou manje? Kilè nou te wè ou swaf dlo pou nou te ba ou bwè? Kilè nou te wè ou lwen peyi ou, pou nou te resevwa ou lakay nou? Osinon toutouni, pou n' te ba ou rad? Kilè nou te wè ou malad, osinon nan prizon, pou n' te al wè ou?

Wa a va reponn yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: chak fwa nou te fè sa pou yonn nan pi piti pami frè m' yo, se pou mwen nou te fè li. » (Matye 25:34-40)

Eske yon pastè gen dwa viv sou kont Legliz?

Eske Bib la bay moun otorite pou yo pa travay tankou tout lòt moun e pou yo viv sou kont lajan Legliz la? Nan **1 Korent 9**, nan defans dwa li an tan ke yon apot, Pòl di konsa:

« Nou janm tandè yon sòlda ap fè sèvis nan lame, pou se li menm ankò ki peye tèt li? Ou ankò, èske yon moun pa gen dwa manje rezen nan pye rezen li te plante a? Osinon, èske yon gadò mouton pa gen dwa bwè lèt mouton l'ap okipe yo? »(1 Korent 9:7)

Pòl te dakò ke yon moun dwe viv sou travay ke lap fè a. Li kontinye pi ba pou li di:

« Men sa ki ekri nan Liv lalwa a: Pa bay bèf k'ap rale kabwèt la baboukèt. Se lapenn Bondye gen konsa pou bèf yo atò? Nou pa kwè se pou nou l'ap pale pito? Men wi. Se pou nou pawòl la te ekri. Se pou moun k'ap bat tè a fè travay la ak espwa y'ap ba li pa l' nan rekòt la. Se menm jan an tou pou moun k'ap bat pwa a. Nou simen grenn ki soti nan Lespri Bondye a nan kè nou. Eske se yon zafè sa ta ye si nou rekòlte nan byen materyèl nou yo? »(1 Korent 9: 9-11)

Sa vle di ke se yon bagay ki nòmal pou yon moun kap travay nan Legliz manje nan zafè Legliz la tou. Gen de fwa, yon moun gen dwa kòmanse yon ministè legliz; li itilize tan li ak lajan li pou travay la pran pye. Aprè travay la pran pye, lòt moun konn vle anpeche yo itilize byen materyèl nan ministè ke li te kòmanse a. Li pa bon!

Men, Pòl pat rete la sou kesyon sa a, li kontinye:

« Konsa tou, Seyè a bay lòd pou tout moun k'ap anonse bon nouvèl la fèt pou yo viv sou kont travay bon nouvèl la. Men, poutèt pa m', mwen pa janm pwofite dwa sa a. Se pa pou fè ankenn reklamasyon non plis kifè m'ap ekri sa. Mwen ta pito mouri pase pou m' ta kite moun wete lwanj sa a nan men mwen! » (1 Korent 9: 14-15)

Yon moun kap anonse bon nouvèl la gen tout dwa pou li viv sou kont travay bon nouvèl la. Jezi menm te bay lòd sa a. Men Pòl li menm te chwazi pou li pat pwofite dwa sa a. **Nan Travay 18:3**, nou aprann ke metye Pòl se te fè tant an twal. Pòl te konn travay pou li pat viv sou kont Legliz. Nan **Travay 20**, nou jwenn ke Pòl te reyini chèf reskonsab nan Legliz Efèz yo api li te di yo:

«Mwen pa janm pote lanvi pou lajan pesonn, ni pou lò ni pou rad okenn moun. Nou menm, nou konnen ki jan mwen travay ak men

*m' pou m' te ka jwenn tou sa mwen menm ansanm ak kanmarad mwen yo nou te bezwen. Mwen moutre nou ki jan pou n' travay di nan tou sa n'ap fè pou n' ka ede pi fèb yo, pou nou toujou chonje pawòl Seyè a ki te di ak pwòp bouch li: **Gen plis benediksyon pou moun k'ap bay pase pou moun k'ap resevwa.** » (Travay 20: 33-35)*

Batèm

« Epi li di yo: -Ale toupatou sou latè, anonse Bon Nouvèl la bay tout moun. Moun ki **kwè** epi ki **resevwa batèm** va delivre. Men, moun ki pa kwè va kondannen. » **(Mak 16:15-16)**

Se lòd sa a ke Jezi te bay pou disip yo egzekite. Nou kapab wè nan pasaj la ke “kwè” ak “batèm” mache ansanm. Nou jwenn ke disip yo te fè jan Jezi te kòmande yo pou yo fè a. Nan Travay 2, nou jwenn ke nan jou Pannkòt la, Pyè te anonse Bon Nouvèl la, nou jwenn rezilta a nan vèsè 41 a 42:

« Anpil ladan yo te **kwè** sa Pyè t'ap di a, yo te **resevwa batèm**. Jou sa a, te gen twamil (3.000) moun konsa ki te mete tèt yo ansanm ak disip yo. Yo pase tout tan yo ap koute sa apòt yo t'ap moutre yo, yo t'ap viv ansanm tankou frè yonn ak lòt, yo reyini pou separe pen an bay tout moun, epi yo t'ap lapriyè. » **(Travay 2:41-42)**

Nan **Travay 8**, nou jwenn yon lòt egzanp kote ke Filip tap pale ak nonm peyi Letiopi a, nou li:

« Filip pran pale: li kòmanse avèk pasaj li t'ap li nan liv la, li fè l' konnen bon nouvèl ki pale sou Jezi a. Antan yo prale konsa, yo rive yon kote ki te gen dlo. Lè sa a, nonm peyi Letiopi a di li: Bon, men dlo. Kisa ki pou anpeche m' resevwa batèm? Filip di li: Si ou **kwè** ak tout kè ou, ou ka **resevwa batèm**. Nonm lan reponn li: Mwen **kwè Jezikri se Pitit Bondye a**. Apre sa, li fè yo rete cha a. Filip desann nan dlo a ansanm ak gwo chèf la. **Filip batize li.** » **(Travay 8:35-38)**

Nan **Travay 16** nou jwenn istwa yon fanm ki rele Lidi:

« Jou repo a, nou soti, n' al lòt bò pòtay lavil la bò larivyè a. Nou t'ap chache kote jwif yo te konn lapriyè a. Nou chita, nou t'ap pale ak fanm ki te sanble la yo. Yonn ladan yo te rele Lidi. Se te moun lavil Tiyati, yon machann bèl twal koulè wouj yo vann byen chè a. Li te konvèti nan relijyon jwif yo. Li t'ap koute nou. Seyè a louvri lespri l' pou l' te swiv tou sa Pòl t'ap di. **Li resevwa batèm**, li menm ansanm ak tout fanmi li. Apre sa, li envite nou vin lakay li. Li di nou: Se pou n' vini, se pou n' fè ladesant lakay mwen, si nou kwè mwen mete konfyans mwen tout bon nan Seyè a. Se konsa li fòse nou rete lakay li. » **(Travay 16:13-15)**

Pi ba, nou jwenn istwa chèf prison an:

« Lè chèf prizon tande sa, li mande yon chandèl, li kouri nan kacho a. Li lage kò l' atè nan pye Pòl ak Silas. Li t'ap tranble kou yon fèy bwa tèlman li te pè. Apre sa, li fè yo soti, li mande yo: Mesye, kisa m' dwe fè pou m' delivre? Yo reponn li: Mete konfyans ou nan Seyè Jezi, epi wava delivre, ou menm ansanm ak tout fanmi ou. Epi **yo fè l' konnen pawòl Seyè a**, limenm ansanm ak tout moun ki te lakay li. Menm lè a, nan mitan lannwit lan, li pran yo, li mete renmèd sou tout kote yo te blese. Lèfini, Pòl ak Silas **batize l' ansanm ak tout fanmi li.** » **(Travay 16:29-33)**

Nou wè ke Pyè, Filip, Pòl ak Silas te fè **ekzakteman** sa ke Jezi te Kòmande yo pou yo fè a. Nan Travay 9 vèsè 18, nou jwenn ke Pòl te batize menm kote li te kwè a tou.

Anpil moun pa dakò ak prensip sa a. Anpil asanble ap swiv doktrin pa yo. Anvan pou yo batize yon moun, fòk moun nan fè yon valè tan sou ban ap aprann. Apre moun nan fin aprann, fòk moun nan pase yon egzamen. Apre egzamen an, fòk gen moun ki vini temwaye ke moun nan pare pou li batize. Ki doktrin pou Legliz swiv? Doktrin ki nan Bib la osinon doktrin moun mete?

Sak pi rèd la, genyen asanble ki pap batize moun ki pa genyen yon wòb blan sou yo.

Reskonsab Legliz yo bezwen pran yon desizyon; se Bib la kap dirije zafè Legliz la osinon se lide lèzòm kap dirije Legliz la. Yon jou, reskonsab Legliz yo genyen pou yo kanpe devan twòn jijman Bondye a pou tout desizyon ke yo te pran lè yo tap dirije pèp Bondye a.

Kisa batèm dife a ye?

Genyen anpil opinyon sou kisa batèm dife a ye. Men, se pa yon bagay ki konplike ke li ye; si ou li pasaj la e ou konprann li nan kontèks ke li te ekri a, se yon vèsè ki senp.

Premye pwen nou bezwen konprann, sè ke se yon sèl moun nan Bib la ki itilize espresyon “batèm dife” a. moun nan se se Jan Batis. Nan **Lik 3, vèsè 16 ak 17**, nou li:

« Lè sa a, Jan di yo tout: Mwen batize nou nan dlo. Men, gen yon moun ki gen pou vini ki gen plis pouvwa anpil pase mwen. Mwen menm, mwen pa bon ase pou m' ta demare kòd sapat ki nan pye li. **Se li menm ki va batize nou nan Sentespri ak nan dife.** Laye l' nan men li, l'ap vannen tout grenn ki sou glasi a. La ranmase grenn ki bon yo, la mete yo nan galata li. Men, l'ap boule pay la nan yon dife ki p'ap janm mouri. »

Nou jwenn menm istwa nan Matye 3 vèsè 5 a 12, nou li:

« Moun soti lavil Jerizalèm, nan tout peyi Jide a ak nan tout vwazinaj larivyè Jouden an, yo tout te vin jwenn Jan. Yo te konfese peche yo devan tout moun. Apre sa, Jan te batize yo nan larivyè Jouden an. Lè Jan wè te gen **anpil farizyen ak sadiseyen ki t'ap vin jwenn li pou resevwa batèm** nan men l', li di yo: Bann vèmen! Ki moun ki fè nou konnen nou kapab chape anba kòlè Bondye k'ap vini an? **Fè bagay ki pou fè wè lavi nou chanje tout bon.** Pa konprann nou ka di nan kè nou: Se pitit pitit Abraram nou ye. Paske, mwen p'ap kache di nou sa: Bondye kapab pran wòch sa yo, li fè yo tounen pitit pou Abraram. Epitou, rach la tou pare pou koupe rasin pyebwa yo. **Nenpòt pyebwa ki pa bay bon donn, yo pral koupe sa jete nan dife.** Mwen menm, mwen batize nou nan dlo, pou fè wè nou tounen vin jwenn Bondye. Men, moun k'ap vin apre mwen an gen plis pouvwa anpil pase m'. Mwen pa bon ase menm pou m' ta wete sapat ki nan pye li. **Se li menm ki va batize nou nan Sentespri ak nan dife.** Li gen laye l' nan men li. L'ap vannen tout grenn ki sou glasi a. **La ranmase grenn ki bon yo, la mete yo nan galata li; men, l'ap boule pay la nan yon dife ki p'ap janm mouri.** »

Men kijan pou nou konprann pasaj sa a!

- 1- Jan Batis tap pale ak de (2) gwoup moun; moun ki te repanti tout bon ak bann farizyen ak sadiseyen yo ki pat repanti vre. Se sak fè li di yo: “Fè bagay ki pou fè wè lavi nou chanje tout bon.”
- 2- Nou wè Jan Batis pale de de (2) batèm; batèm nan sentespri ak nan dife.
- 3- Nou wè li pale tou de de (2) bagay ki nan laye a: grenn ki bon yo, yo prale nan galata; pay la pral boule nan dife.

Sa ke li tap anseye, sè ke moun ki repanti tout bon yo, se grenn ki bon yo, Jezi ap batize yo nan Sentespri. Mesye farizyen ak sadiseyen yo, se pay ke yo ye, yo pral batize nan dife ki se lanfè. Batèm dife a pa pou kretyen, se pou moun pèdi ke li ye. Genyen moun ki konprann li yon lòt jan, men se konsa ke nou konprann li nou menm.

De (2) pasaj enteresan sou batèm.

« Yo te tande moun lòt nasyon yo ap pale nan lòt lang. Yo t'ap fè lwanj Bondye, yo t'ap di jan li gen pouvwa. Lè sa a Pyè di: Moun sa yo resevwa Sentespri menm jan avèk nou. Koulye a, ki moun ki ka anpeche nou batize yo nan dlo tou? Epi li bay lòd batize yo nan non Jezikri. Apre sa, yo mande Pyè pou l' rete pase kèk jou avèk yo. » **(Travay 10:46-48)**

*« Antan Apolòs te lavil Korent, Pòl menm t'ap pase nan tout mòn peyi Lazi yo jouk li rive lavil Efèz. Li jwenn kèk disip nan lavil la. Li mande yo: Eske nou te resevwa Sentespri lè nou te kwè? Yo reponn li: Yo pa t'janm di nou te gen yon Sentespri. Lè sa a, Pòl mande yo: Ki batèm nou te resevwa? Yo reponn li: Batèm Jan an. Pòl di yo: Jan te batize moun ki te asepte tounen vin jwenn Bondye, li t'ap di pèp Izrayèl la pou yo te kwè nan moun ki t'ap vini apre l' la, ki vle di Jezi. Lè yo tandè sa, yo mande pou resevwa batèm nan non Seyè Jezi. Apre sa, Pòl mete men sou tèt yo, epi Sentespri desann sou yo. Yo pran pale nan lang lòt peyi, yo t'ap bay mesaj ki soti nan Bondye. Te gen douz gason konsa antou. » **(Travay 19:1-7)***

Ekskominyon

Eske Bib la anseye zafè pou reskonsab Legliz eskominye moun ki pa mache dwat nan asanble a? Lè yon moun fè yon bagay ki pa sa, èske li bibliik pou reskonsab Legliz yo anpeche moun nan pran la sèn? An nou konprann kisa la sèn nan ye, pou ki rezon ke kretyen yo pratike la sèn. Nan **1 Korent 11, vèsè 26 a 31**, nou li:

*« Se konsa, chak fwa n'ap manje pen sa a, chak fwa n'ap bwè nan gode sa a, se lanmò Kris la n'ap anonse jouk jou Seyè a gen pou l' vini an. **Se poutèt sa, si yon moun manje pen Seyè a, osinon li bwè nan gode Seyè a yon jan ki pa konvenab, moun sa a koupab, paske li peche ni kont kò Seyè a ni kont san li an. Se pou chak moun egzaminen tèt yo byen anvan. Se konsa y'a mèt manje pen sa a, y'a mèt bwè nan gode sa a. Si yon moun manje pen sa a, si l' bwè nan gode sa a san li pa rekonèt rapò pen an ansanm ak diven an gen avèk kò Seyè a, se rale l'ap rale yon jijman sou tèt li lè l'ap manje pen an ak lè l'ap bwè nan gode a. Se sak fè gen anpil moun malad konsa nan mitan nou, anpil moun k'ap soufri feblès, san konte sa ki mouri deja. Si nou te egzaminen tèt nou byen anvan, nou pa ta tonbe anba jijman Bondye a. »***

Dapre vèsè a, kijan yon moun kapab patisipe nan la sèn yon jan ki pa konvenab? Se lè moun nan pa rekonèt rapò pen an ansanm ak diven an gen avèk kò Seyè a. Yo pran la sèn tankou nenpòt ki bagay. Pasaj la di ke nou bezwen egzaminen tèt nou byen anvan nou pran la sèn. Nou pa wè anyen ki di pou ou egzaminen yon lòt moun pou ou wè si moun nan kondisyon pou li pran la sèn. Li enpòtan pou nou li pasaj sa a, depi nan vèsè 17 la pou nou konprann pwoblèm ke Legliz lavil Korent tap konfronte.

Se yon bagay ki nòmal pou genyen disiplin nan Legliz Bondye a. Men, si yon moun vle mete disiplin nan jan ke lide pa li di li, moun sa a bezwen disiplin pou tèt pa li. Lè yon moun fè yon move bagay, kòman pou ou disipline moun nan? Jezi di konsa:

*« Veye kò nou byen. Si frè ou tonbe nan peche, rale zòrèy li. Si l' **chanje konpòtman li (repanti), padonnen li.** Si nan yon sèl jounen an li peche sèt fwa kont ou, si toulesèt fwa yo, li tounen vin jwenn ou pou l' di ou: Mwen p'ap fè sa ankò, se pou ou padonnen li. » (Lik 17: 3-4)*

Jezi di ankò:

« Si frè ou fè ou yon bagay ki mal, ale jwenn li, rele l' apa. Fè l' wè sa li fè a mal. Si li koute ou, se mete wa mete frè ou ankò sou bon chemen.

Men, si li pa vle koute ou, pran yonn osinon de lòt moun avè ou. Konsa, tout bagay va regle sou depozisyon de osinon twa temwen.

Si l' refize koute yo tou, lè sa a wa di legliz la sa.

Si l' refize koute legliz la, ou mèt gade l' tankou yon etranje pou ou, tankou yon pèseptè kontribisyon. » (Matye 18:15-17)

Nou kapab wè ke youn nan bagay ke Jezi te anseye, se te padone moun ki tonbe nan peche epi ki rekonèt peche yo. Jezi anseye egzakteman jan pou ou disipline yon moun ki fè ou yon bagay ki mal.

- A- Rele moun nan a de (2). Si moun nan wè sa li fè a mal, tout bagay fini.
- B- Si li pa vle koute ou, pran lòt moun avèk ou pou regle sa.
- C- Si l' refize koute yo tou, lè sa a wa di legliz la sa.
- D- Si l' refize koute legliz la, ou mèt gade l' tankou yon enkonvèti.

Legliz bezwen swiv direksyon sa yo ke Jezi bay la paske se Jezi ki chèf Legliz la. Lè yon moun fè yon move bagay, devwa legliz se pou remonte moun nan, se pa pinisyon ki enpòtan. Pòl ekri ak moun lavil Galasi yo:

*« Frè m' yo, si nou bare yon moun ap fè yon bagay ki mal, nou menm ki gen Lespri Bondye a nan kè nou, **se pou nou mete l' nan bon chemen. Men, fè sa avèk dousè.** Epi nou menm bò pa nou, veye kò nou pou nou pa tonbe nan tantasyon tou. **Se pou nou yonn ede lòt pote chay yo.** Se konsa n'a obeyi lalwa Kris la. » (Galasi 6:1-2)*

Nou gen dwa jwenn kèk ka ki ekstrèm, sa vle di kèk bagay ki grav ke ou pa wè tou tan. Pòl te kontre ak yon ka ki te grav nan Legliz lavil Korent. Pòl ekri:

*« Toupatou y'ap fè kouri bri jan gen dezòd lachè k'ap fèt nan mitan nou. Dezòd la sitèlman wòd, ata moun lòt nasyon yo pa ta fè bagay konsa. **Y'ap mache di gen yonn nan nou k'ap viv ak madanm papa li.** Apre sa, ki jan nou ka fè gen lògèy ankò? Okontrè, se bagay ki pou ta fè nou kriye anpil. Epi, **nonm ki fè bagay sa a, se pou n' te wete l' nan mitan nou.** » (1 Korent 5:1-2)*

Pòl te di yo pou yo wete nonm sa a nan mitan yo. Men, Pòl te mande pou yo fè sa avèk lide pou yo te pran nanm nèg la an konsiderasyon. Pi ba, Pòl kontinye:

« Se pou n' lage nonm sa a nan men Satan pou kò l' ka peri. Se konsa lespri l' ka jwenn delivrans lè jou Seyè a va rive. » (1 Korent 5:5)

Nonm te fè yon bagay ki grav anpil, men Pòl pat janm retire lespri li sou bagay ki pi enpòtan an ki te nanm nèg la. Li pat vle pou nonm nan pèdi nanm li. Nan dezyèm lèt Pòl te ekri Legliz lavil Korent, li te kontinye pale sou ka sa a. Pòl te ekri:

« Pifò nan nou gen tan peni nonm sa a, se kont li. Koulye a se pou nou padonnen l', se pou nou ba li ankourajman pito, pou yon twò gwo lapenn pa kraze l' nèt. Se poutèt sa, m'ap mande nou pou nou aji avè l' yon jan pou fè l' wè jan nou renmen li. » (2 Korent 2: 6-8)

Nan dezyèm lèt la, nou wè ke moun yo te gen tan bay nonm nan pinisyon; kounye a, Pòl tap mande yo pou yo ankouraje misye, pou yo pa kraze li nèt. Menm lè Legliz ap disipline yon moun, sa dwe fèt avèk lanmou.

Eske Legliz kapab disipline chèf reskonsab Legliz yo?

Nan 1 Timote 3, nou wè ke se pa nenpòt ki moun ki kapab chèf Legliz. Pòl ekri:

« Pou yon moun chèf nan legliz, se pou l' san repwòch. Se pou l' gen yon sèl madanm. Se pou l' yon nonm serye, ki konn kenbe tèt li an plas, ki gen lòd. Se pou l' konn resevwa moun lakay li. Se pou l' konn ki jan pou l' moutre moun verite a. Li pa fèt pou l' renmen bwè gwòg, ni renmen fè kont. Okontrè, se pou l' gen pasyans ak kè poze. Li pa fèt pou l' renmen lajan. Se pou l' konn mennen kay li byen, fè timoun li yo obeyi l' ak respè. » (1 Timote 3:2-4)

Jezi te di konsa:

« Moun yo bay anpil, y'ap mande l' anpil tou. Moun yo mete reskonsab anpil bagay, y'ap egzije plis ankò nan men li. » (Lik 12:48b)

Jak te ekri:

*« Frè m' yo, se pa pou anpil moun nan mitan nou kouri dèyè plas dirèktè. Paske, **konnen byen: lè nou dirèktè, Bondye ap jije nou pi sevè pase lòt yo.** » (Jak 3:1)*

Konsa, genyen plis egzijans pou chèf Legliz yo. Pòl te ekri moun Korent yo sou sa. Li te di:

*« Pa kite pesonn vin pote plent pou yon chèf reskonsab, esepite si moun lan gen de osinon twa temwen avè li. **Se pou ou fè moun ki fè peche yo repwòch devan tout moun.** Konsa, lòt yo va pè. » (1 Timote 5:19-20)*

***Nan Bib Kreyòl la, nou bezwen kòmanse li nan vèsè 17 la epi konpare li ak tradiksyon Bib Fransè a.

Pozisyon osinon fonksyon?

« Gen divès jan moun ka sèvi Bondye, men se yon sèl Seyè a n'ap sèvi. **Gen divès kalite travay nan sèvis la, men se yon sèl Bondye ki bay chak moun travay pa yo nan tout sèvis k'ap fèt.** Lespri Bondye a fè travay li yon jan nan lavi chak moun, men li fè l' pou byen tout moun. » **(1 Korent 12:5-7)**

Se pa pozisyon ou nan Legliz ki enpòtan, men se travay wap fè a ki enpòtan. Bondye ap rekonpanse Legliz pou travay ki fèt, men se pa tit ou osinon pozisyon yo ba ou kap fè ou jwenn rekonpans nan men Bondye. Genyen divès kalite travay, se Bondye ki bay chak moun travay pou yo fè. Pòl ekri:

« Se konsa, nou wè nan legliz la Bondye mete **apòt yo** an premye, **pwofèt yo** an dezyèm, **dirèktè yo** an twazyèm. Apre sa, nou jwenn moun k'ap fè mirak, moun ki gen don pou geri moun malad, moun k'ap ede lòt, moun k'ap dirije, moun ki gen don pou pale divès lang. » **(1 Korent 12:28)**

Se Bondye ki plase moun nan Legliz pou travay pou Li paske Legliz pa pou yon moun, se pou Bondye ke Legliz la ye. Konsa, pou travay Bondye a kapab fèt, Bondye konnen kilès pou li mete nan pozisyon pou travay la kapab fèt. Nan lèt Pòl te voye bay Legliz lavil Efèz la, nou li:

« Se li menm ki fè lèzòm kado divès pouvwa. Li bay kèk ladan yo pouvwa **pou sèvi apòt**, li bay lòt ladan yo pouvwa **pou sèvi pwofèt**, li bay lòt ankò pouvwa pou **anonse bon nouvèl la**, li bay dòt ankò pouvwa **pou sèvi tankou pastè ak dirèktè**. Konsa, **li byen òganize pèp Bondye a pou yo chak fè travay sèvis yo, pou kò Kris la ka grandi nan konfyans**. Li fè sa konsa pou nou tout ansanm nou ka rive fè yon sèl kò nan konfyans nou genyen an ak nan konesans Pitit Bondye a. Konsa, nou tout ansanm nou ka vin granmoun ki byen devlope, dapre dènye mezi devlopman Kris la ki bon nèt. Lè sa a, nou p'ap viv tankou timoun ankò, tankou moun k'ap chanje lide fasil, ki kite kouran nenpòt doktrin trennen yo ale, ki tankou jwèt nan men bann rize sa yo ki konn ki jan pou yo pran tèt moun nan bay manti. Okontrè, ann pale verite a avèk renmen nan kè nou, konsa n'a ka grandi nan tout sans nan Kris la ki chèf kò a. Gremesi Kris la, tout pati nan kò a byen òganize, yo tout byen mare yonn ak lòt nan jwenti yo. Konsa, lè chak pati fè sa yo gen pou yo fè a, tout kò a ap grandi, l'ap devlope nan renmen. Se sa ki fè, men sa m'ap di nou, men sa m'ap deklare nou nan non Seyè a:

Sispann viv tankou moun ki pa konn Bondye epi k'ap swiv lide pa yo ki pa vo anyen » (Efèz 4:11-13) ***_{Franse}

Rezon ki fè kretyen yo pa grandi espiyèlman, se kòm si yo podovi, se paske Legliz kontinye ap swiv lide lèzòm ki pa vo anyen. Nenpòt moun gen dwa vini ak yon doktrin ki pa biblik epi li pran tèt moun yo paske apre 5, 10, 20 ane ap mache legliz, moun yo pa janm grandi, yo toujou nan bibon, se lèt yap bwè aprè plizyè ane nan levanjil.

Nou jwenn Preme pastè, dezyèm pastè, asistan pastè, predikatè, dyak, evanjelis, monitè, manm komite nan anpil asanble. Nan menm asanble sa yo, nou jwenn gwoup dòm, gwoup dam, gwoup lajenès. Nan gwoup sa yo, nou jwenn prezidan, sekretè, trezorye, etcetera. Anpil fwa, pa menm genyen yon travay definitiv pou pozisyon ke yo bay moun nan. Kesyon nou ka poze se: èske se Bondye ki òganize asanble a konsa osinon se lèzòm ki òganize li konsa? Legliz ki vle mache sou demokrasi pa kapab mache jan Bondye vle a. Zafè demokrasi a se bagay lèzòm li ye.

Si nou ta mande kilès ki te ranplase Jida kòm apot, anpil moun nan Legliz pa konnen ke misye te rele Matyas. Nou jwenn non misye nan **Travay 1** lè yo te fè tiraj osò pou yo te mete misye nan pozisyon an. Apre sa, non misye pa nonmen nan Bib la.

Nan ka Pòl nou jwenn ke se pat moun ki te chwazi li, pat genyen moun ki te vote pou li. Nan **Galasi 1:1**, nou li:

« Mwen menm Pòl, se pa moun ki te chwazi m', ni Bondye pa t' voye yon moun chwazi m', men se Jezikri menm ki te chwazi m' pou sèvi apòt, ansanm ak Bondye Papa a ki te fè l' leve soti vivan nan lanmò. »

Non sèlman Pòl te yon apot, li te yon evanjelis tou.

*« Se mwen menm Pòl, sèvitè Jezikri, yon nonm Bondye rele pou sèvi li **apòt**, yon nonm li mete apa pou **anonse bon nouvèl li a** »
(Women 1:1)*

Pòl te yon direktè (anseyan) tou.

*« Konsa, Pòl pase dizwit mwa lavil Korent, li t'ap moutre moun yo pawòl Bondye a. » **(Travay 18:11)***

Se pa pozisyon ki te karakterize lavi Pòl, men se travay ke li te antreprann yo. Nan asanble nou yo, konbyen moun ki genyen yon pozisyon, yon tit; men yo pa mele nan okenn travay ki genyen ak pozisyon an vre.

Nou jwenn ke genyen asanble ki mache tankou yon biwo dafè osinon sou prensip lame. Yo mete yon moun predikatè, apre yo monte li dyak, apre yo fè l'evanjelis; li ka vin rive asistan pastè tou. Ki kote prensip sa yo sòti? Mwen pa vle di ke pozisyon sa yo pa bon. Sa ke mwen ta renmen konprann se: kisa ki fè ke evanjelis pi gwo pozisyon ke dyak, epi dyak pi gwo pozisyon ke predikatè. An nou gade sa Pòl te ekri kretyen women yo:

« Poutèt favè Bondye fè m' lan, men sa m'ap mande nou tout: Piga nou mete nan tèt nou nou plis pase sa nou ye. Okontrè, pa mete gwo lide nan tèt nou. **Se pou chak moun konsidere tèt li dapre sa Bondye ba li ki pa l' nan lafwa.** Gade byen: nou gen anpil manm nan yon sèl kò, men chak manm gen sèvis pa l' apa. Se konsa tou, nou anpil, men nou fè yon sèl kò ansanm ak Kris la. Nou tout nou fè yon sèl kò tou yonn ak lòt, tankou plizyè manm nan yon sèl kò. **Bondye pa bay tout moun menm don. Men, nou fèt pou nou sèvi ak kado a dapre favè Bondye fè nou an.** Si yon moun resevwa don pou l' anonse mesaj ki sòti nan Bondye, se pou l' fè sa dapre lafwa li genyen an. Si yon lòt resevwa don pou l' fè yon travay, se pou l' fè travay la. Moun ki resevwa don pou l' moutre lòt anpil bagay, se sa pou l' fè. Moun ki resevwa don pou l' bay ankourajman, se pou li bay ankourajman. Moun k'ap bay nan sa li genyen an, se pou l' fè sa san gad dèyè. Moun k'ap dirije a, se pou l' fè sa byen. Moun k'ap moutre jan li gen kè sansib la, se pou li fè sa ak kè kontan. » **(Women 12: 3-8)**

Jezi te rankontre pwoblèm sa a ak disip li yo. Nou jwenn nan Lik 22, vèsè 24 a 27:

« Epi yon gwo diskisyon leve nan mitan disip yo. **Yo te vle konnen kilès nan yo ki te dwe pase pou pi grannèg.** Jezi di yo: Nan tout peyi, wa se kòmande yo kòmande, moun ki chèf fè nou rele yo Bon papa. Men pou nou menm, se pa konsa pou sa ye. Okontrè, **sak pi grannèg nan mitan nou an, se pou l' tankou pi piti a; sa k'ap kòmande a, se pou l' tankou sa k'ap sèvi a.** Kilès ki pi grannèg: moun ki chita bò tab la, osinon moun k'ap sèvi l' la? Moun ki chita bò tab la, pa vre? Tansèlman, mwen menm mwen nan mitan nou tankou moun k'ap sèvi a. »

Grandi nan travay Bondye a pa vle di pozisyon ou nan asanble a. Bondye vle ke ou itilize don espartyèl ke li ba ou a pou ou travay nan chantye a ki se lemonn. Nan travay ou avèk esperyans ke ou ap fè nan Levanjil la, sa ap fè ou grandi espartyèlman.

Sa ke mwen te jwenn ki te vrèman enteresan lè nou tap prepare etid sa a, sè ke nan Bib la, pozisyon pastè, evèk (bichòp) ak ansyen Legliz yo te menm pozisyon an. Sa vle di ke ansyen Legliz yo, se yo menm ke yo rele pastè; se menm yo menm nan yo te rele evèk tou. An nou gade kèk pasaj nan Bib la e nou pral itilize Bib nan lang Fransè a ak lang Kreyòl la tou pou nou konprann sijè sa a pi byen. Nan **Travay 20 vèsè 17**, nou li:

Fransè: « *Cependant, de Milet Paul envoya chercher à Éphèse **les anciens de l'Église.*** »

Kreyòl: « *Antan li lavil Milè, Pòl voye yon mesaj lavil Efèz: li mande **chèf reskonsab legliz yo pou yo vin jwenn li.*** »

Nou li ke Pòl te voye chèche ansyen yo osinon chèf reskonsab legliz yo. Lè ou kontinye li pi ba, ou jwenn ke Pòl te genyen anpil bagay pou di mesye yo. Nan vèsè 28, li di yo konsa:

Fransè: « *Prenez donc garde à vous-mêmes, et à tout le **troupeau** sur lequel le Saint Esprit vous a établis **évêques**, pour **paître** l'Église du Seigneur, qu'il s'est acquise par son propre sang.* »

Kreyòl: « *Veye kò nou, veye sou tout bann mouton Sentespri a mete sou kont nou. Okipe legliz Bondye a, legliz li te achte ak pwòp san Pitit li a.* »

Nan **Tit 1 vèsè 5 a 7**, nou li:

Fransè: « *Je t'ai laissé en Crète, afin que tu mettes en ordre ce qui reste à régler, et que, selon mes instructions, tu établisses **des anciens** dans chaque ville, s'il s'y trouve quelque homme irréprochable, mari d'une seul femme, ayant des enfants fidèles, qui ne soient ni accusés de débauche ni rebelles. Car il faut que **l'évêque** soit irréprochable, comme économe de Dieu; qu'il ne soit ni arrogant, ni colère, ni adonné au vin, ni violent, ni porté à un gain déshonnête.* »

Kreyòl: « *Mwen te kite ou nan lil Krèt pou ou te kapab òganize tou sa ki pa t' ankò fin regle. Ou te gen pou ou te mete **yon gwoup ansyen** alatèt legliz la nan chak vil. Chonje sa m' te di ou: Yon ansyen, se yon moun ki pou san repwòch, ki gen yon sèl madanm. Se pou pitit li yo gen konfyans nan Bondye. Tout moun fèt pou konnen yo pou timoun ki pa nan dezòd, ki pa dezobeyisan. Paske, yon **moun k'ap dirije legliz la**, se li ki reskonsab travay Bondye a.* »

Se pou li san repwòch. Se pa pou li awogan, ni renmen fè kòlè, ni renmen bwè gwòg. Li pa fèt pou l' brital, ni renmen fè lajan nan move kondisyon. »

Nan **1 Pyè 5, vèsè 1 a 2**, nou li:

Fransè: « *Voici les exhortations que j'adresse **aux anciens** qui sont parmi vous, moi ancien comme eux, témoin des souffrances de Christ, et participant de la gloire qui doit être manifestée: **Paissez** le troupeau de Dieu qui est sous votre garde, non par contrainte, mais volontairement, selon Dieu; non pour un gain sordide, mais avec dévouement. »*

Kreyòl: « *Mwen menm ki yon chèf reskonsab, m'ap pale koulye a ak **chèf reskonsab** ki nan mitan nou yo. Mwen menm ki te wè jan Kris la te soufri a, mwen pral patisipe tou nan bèl pouvwa Bondye ki gen pou parèt la. Men sa m'ap di nou: **Tankou gadò**, se pou nou swen bann mouton Bondye ki sou kont nou an. Pa fè sa tankou si se fòse y'ap fòse nou. Men, fè l' paske nou vle fè sa Bondye vle. Pa fè travay la tankou si se dèyè lajan nou ye. Men, fè l' ak tout kè nou. »*

Nou jwenn ke pasaj sa yo te genyen fonksyon pou objektif, se pat pozisyon ki te enpòtan nan pasaj sa yo.

Nan mo **ansyen** an, nou wè **matirite, esperyans**.

Nan mo **evèk** la, nou wè yon moun ki **an chaj**, yon moun kap **fè desizyon**.

Nan mo **pastè** a, nou wè **bèje**, yon moun kap **pran swen troupo**, yon moun kap **bay troupo a manje**.

Se menm moun yo ki te genyen kalifikasyon sa yo. Nan 1 Timote 3, Pòl te ekri Timote sou kalifikasyon ke moun kap travay nan legliz yo dwe genyen. Li te pale sou de (2) gwoup.

Premye a, se evèk yo; nan **1 Timote 3:1**, nou li:

Fransè: « *Cette parole est certaine: Si quelqu'un aspire à la charge d'évêque, il désire une oeuvre excellente. »*

Kreyòl: « *Sa se yon pawòl ki vre: Si yon moun dèyè yon pozisyon pou l' **dirije** nan legliz, li dèyè yon bèl travay. »*

Dezyèm gwoup la, se Dyak yo; nan **1 Timote 3:8**, nou li:

Fransè: « *Les **diacres** aussi doivent être honnêtes, éloignés de la duplicité, des excès du vin, d'un gain sordide.* »

Kreyòl: « *Konsa tou, se pou **moun k'ap ede nan sèvis legliz** la se moun ki respektab, ki pa gen de pawòl, moun ki pa bwè twòp, ki pa renmen fè lajan mal, ki p'ap kouri dèyè lajan.* »

Keksyon: Poukisa Pòl pat ekri ki kalifikasyon ke yon pastè osinon yon ansyen dwe genyen?

Repons: _____

Keksyon: Poukisa Legliz konsidere evèk pi gran ke pastè epi pastè pi gran ke ansyen legliz yo?

Repons: _____

Chak fwa nou itilize yon tit pou nou kominike ak yon moun, an nou sonje sa Jezi te di sou sijè sa a:

« *Men, nou menm, pa fè moun rele nou **Mèt**, paske se yon sèl mèt nou genyen. Apa sa, nou tout se frè. Pa rele pesonn sou latè **papa**, paske nou gen yon sèl papa: sa ki nan syèl la. Pa kite yo rele nou **chèf (direktè)**, paske nou gen yon sèl chèf, se Kris la.* » **(Matye 23:8-10)**

Pòl te ekri ak Legliz nan lavil Filip la:

« Pa fè anyen nan lide pou fè tèt nou pase pou pi bon, ni pou fè lwanj tèt nou. Men, soumèt nou devan Bondye. **Mete nan tèt nou lòt yo pi bon pase nou.** Piga pesonn chache enterè pa l' ase. Se pou l' chache sa ki bon pou lòt yo tou. Se pou nou yonn gen pou lòt menm santiman ki te nan Jezi, Kris la. Sa Bondye ye a, se sa l' te toujou ye. Men, li pa t' janm konsidere sa tankou yon avantaj pou l' te chache kenbe ak tout fòs. Okontrè, se li menm pou tèt pa l' ki chwazi mete sa sou kote. **Li te pito tounen yon domestik.** Li pran fòm yon moun, li vin tankou tout moun. **Li rabese tèt li.** Tankou yon moun, li soumèt devan Bondye. Li obeyi Bondye jouk li rive asepte mouri, wi jouk li asepte mouri sou kwa a. » **(Filip 2:3-8)**

Lemonn

« Pawòl la te nan **lemonn**. Se ak Pawòl la Bondye te fè tou sa ki nan **lemonn**; men, moun ki nan **lemonn** pa t' rekonèt li. » **(Jan 1:10)**

Mo “lemonn” lan se yon mo ke Kreyen yo itilize anpil. Men, mo sa a genyen diferan siyifikasyon; sa vle di ke se pa tout tan ke li vle di menm bagay la. Nan vèsè ke nou li la a, nou jwenn mo “lemonn” lan twa (3) fwa, men yo chak vle di yon bagay ki diferan. Legliz bezwen konprann mo sa a byen pou li kapab fè travay ke Bondye ba li fè. Nou jwenn ke nan mal konprann mo sa a, sa kapab kreye yon pwoblèm pou nou. Genyen twa jan ke mo sa a itilize nan Bib la.

Premye jan ke nou jwenn nan, li vle di latè osinon linivè; sa vle di bagay materyèl ke Bondye kreye yo. Se de sa ke Etan tap pale nan **Sòm 89:11**.

« Syèl la se pou ou ansanm ak latè a. Se ou ki kreye **lemonn** antye ak tou sa ki ladan l'. »

De (2) lòt vèsè ke nou kapab pran kòm egzanp se:

« Bondye ki fè **lemonn** antye ak tou sa ki ladan l', se li menm ki Mèt syèl la ak tè a. Li pa rete nan kay moun bati ak men yo.» **(Travay 17:24)**

« Byen lontan anvan Bondye te kreye **lemonn**, li te chwazi nou nan Kris la pou nou te kapab viv apa pou li, pou n' te san repwòch devan li. Nan renmen li renmen nou an.» **(Efèz 1:4)**

Dezyèm jan ke nou jwenn nan, li vle di tout moun ki sou latè. Yon vèsè ke tout moun konnen nan lang Franse a, se Jan 3:16 ki di:

« Car Dieu a tant aimé **le monde** qu'il a donné son Fils unique, afin que quiconque croit en lui ne périsse point, mais qu'il ait la vie éternelle. »

Nan tradiksyon Bib Kreyòl la, yo itilize “lèzòm” nan plas “lemonn” lan.

« Paske, Bondye sitèlman renmen **lèzòm** li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pedi lavi yo. Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an. »

Yon lòt vèsè ke nou kapab pran kòm egzanp se:

« *Mwen voye yo nan **lemonn** lan menm jan ou te voye m' nan **lemonn** lan.» (Jan 17:18)*

Twazyèm jan ke nou jwenn nan, li pa genyen anyen a wè avèk latè osinon moun. Li genyen pou wè avèk jan ke moun ki pa konnen Bondye panse, jan ke yo viv. Anpil moun pa reyalize ke nap viv nan yon sistèm ki pa sòti nan Bondye, men se yon sistèm ki sòti nan satan. Nan **1 jan 2:15-16**, nou li:

« *Pa renmen **lemonn**, ni anyen ki soti nan **lemonn**. Si yon moun renmen **lemonn**, li pa gen renmen pou Papa a nan kè li. Bagay ki soti nan **lemonn** se egzijans lachè, se gwo tanta, se lògèy k'ap vire tèt moun lè yo gen anpil byen sou latè. Tou sa pa soti nan Papa a. Se nan **lemonn** sa soti. »*

Se pa de latè, ni se pa lèzòm ke vèsè a ap pale, men se de yon seri de sistèm, yon seri de panse, yon seri de move bagay tankou egzijans lachè, gwo tanta, lògèy ki pa sòti nan Bondye ke lap pale. Nan **Jak 3:14-16**, nou li:

« *Men, si n'ap fè **jalouzi** nan kè nou, si nou **kenbe moun nan kè nou**, si n'ap **kouri dèyè enterè pa nou**, pa vante tèt nou, pa fè manti sou laverite a. Bon konprann konsa pa soti nan Bondye, li soti nan **lemonn**, nan moun ak nan dyab la. Paske, kote ki gen **jalouzi**, kote moun ap **kouri dèyè enterè pa yo**, fòk gen dezòd ak tout kalite mechanste.»*

Pòl ekri nan Kolòs 3 vèsè 5:

« *Se poutèt sa, se pou nou detwi nan nou tou sa ki soti nan **lemonn** tankou: **imoralite, malpwòpte, move dezi, move lanvi, renmen lajan** (ki menm jan ak sèvi zidòl) .»*

Fòk nou fè atansyon pou pa genyen konfizyon nan sijè sa a. Lè nou li yon vèsè ki pale de lemonn, ou bezwen fè diferans de kisa ke lap pale a. Si se pa sa, ou ka rive fè bagay ki pa sa. Pa egzanp, lè Jan di pou nou pa renmen lemonn, li pap pale de moun ki poko konvèti, moun ki pa mache legliz paske Jezi mande pou nou renmen menm lènmi nou yo. Jezi pat rele moun ki pa kwè nan Li yo "lemonn", Li te rele yo: "moun kap viv dapre prensip lemonn". Nan **Jan 14**, Jezi tap pale de Sentespri epi Li te di:

« ***Moun k'ap viv dapre prensip lemonn** pa ka resevwa l', paske yo pa ka wè l', ni yo pa ka konnen li. Men nou menm, nou*

konnen l' paske li rete nan kè nou, paske li nan nou.» (Jan 14: 17)

Yon jou, Jezi tap pale ak frè li yo ki pat kwè nan Li epi Jezi di yo:

*« Moun k'ap viv dapre prensip ki nan **lemonn** pa ka rayi nou. Men, mwen menm yo rayi m' paske mwen di sa y'ap fè a pa bon.» (Jan 7: 7)*

Nan lèt Pòl te voye bay moun Korent yo, li te ekri:

*« Paske n'ap viv tankou moun k'ap viv dapre lide ki nan **lemonn** toujou. Depi ou tande gen jalouzi nan mitan nou, depi nou gen kont yonn ak lòt, nou tou wè se moun **lemonn** nou ye, se tankou moun k'ap viv dapre lide ki nan **lemonn** lan n'ap viv. Lè yonn rete li di: Mwen menm, mwen se moun Pòl; yon lòt: Mwen se moun Apolòs, èske se pa tankou moun **lemonn** n'ap pale?» (1 Korent 3:3-4)*

Sa ki enpòtan pou nou konprann, sè ke Bib la pa mande pou nou separe nou de moun ki poko konnen Jezi yo. Bondye kite nou nan mitan moun sa yo pou nou kapab genyen yon relasyon avèk yo, pou yo wè Jezi nan nou. Lè yo wè glwa Bondye nan lavi nou, sa va sèvi yon okazyon pou yo septe Jezi nan lavi pa yo tou.

Ki moun ke Bib la rele “Moun fèb nan lafwa”?

Li pasaj sa yo:

- 1) *Women 14:1-6*
- 2) *1 Korent 8:4-13*
- 3) *1 Korent 9:19-23*

Se moun ki kwè nan yon seri de bagay ki fè yo pi bon, poutan bagay sa yo pa genyen enpòtans vrèman vre devan Bondye. Moun ki fèb toujou ap pale sou bagay ki pa bon pou moun pratike, men se bagay ke yo jwenn lòt moun ap di; se bagay ke Bib la pa entèdi vrèman vre. Konsa, ke ou pratike bagay sa yo, ke ou pa pratike yo, sa pa fè okenn diferans nan relasyon ou ak Bondye.

Sa pou ou fè atansyon, se pou libète ke ou genyen pou ou fè yon bagay gen dwa deranje yon moun ki fèb nan lafwa. Konsa, ou menm ki **fò, ki fèm nan lafwa** bezwen konsidere moun fèb yo lè ke wap fè yon bagay.

Ansèyman Jezi sou jan pou nou priye

Li pasaj sa a: Matye 6:5-15

- 1) Priye an prive. (5-6)
- 2) Pa plede **repete** yon bann pawòl. (7)
- 3) **Jan** pou nou lapriye, se pa **sa pou nou di** lè nap lapriye. (9)
- 4) Mande sa ou bezwen an. (11)
- 5) Konpare **Matye 6:11-15** ak de (2) pasaj sa yo: **Kolòs 3:13, 1 Jan 2:12**

Matye 14:23; Matye 26:39-44; Mak 1:35, Lik 5:16, Lik 6:12, Lik 9:18, Lik 22:41
Pasaj sa yo montre nou ke Jezi te pratike lapriye an prive.

Nou jwenn dènnye priye Jezi te fè anvan Li mouri nan **Jan 17**.

Enpòtan: **nou padone moun, men se Bondye ki padone peche.**

Wòl fanm nan Legliz

Eske fanm kapab pote mesaj nan Legliz?

An nou gase de pasaj: 1 Korent 14: 34-35; 1 Timote 2: 11-12

« Men sak pral rive nan dènye tan an: Se Bondye menm k'ap pale: M'ap vide Lespri m' sou tout moun sou latè. Pitit gason nou ak **pitit fi nou yo va pale tankou pwofèt**. Jenn gason nou yo va gen vizyon. Granmoun nou yo va fè rèv. Wi, lè sa a, m'ap vide Lespri m' sou tout sèvitè m' yo, fi kou gason, epi y'a bay mesaj ki soti nan Bondye. » (**Travay 2:17-18**)

« Nan denmen, nou pati ankò, nou rive lavil Sezare. Nou antre lakay Filip, evanjelis la, nou fè ladesant la. Se te yonn nan sèt mesye yo te chwazi Jerizalèm yo. Li te gen **kat pitit fi** ki pa t' marye, yo t'ap **bay mesaj yo te resevwa nan men Bondye**. » (**Travay 21:8-9**)

« Men, si yon fanm pa mete anyen sou tèt li lè l'ap lapriyé osinon lè l'ap bay yon **mesaj ki soti nan Bondye**, li derespekte mari li. Se tankou si se te yon fanm ki te gen tèt li kale. » (**1 Korent 11:5**)

Enpòtan: **1 Korent 14: 33-40** genyen pou wè ak disiplin nan Legliz lavil Korent.
1 Timote 2:9-14 genyen pou wè ak wòl mari ak madanm nan fanmi yo.

Eske Bib la dakò pou fanm dyak ak pastè Legliz?

« Mwen rekòmande nou Febe, yon sè k'ap sèvi nan legliz Sankre a. » (**Wom 16:1**)
« Je vous recommande Phoebé, notre soeur, qui est **diaconesse** de l'Église de Cenchrées »

Nou jwenn fanm ki te nan fonksyon dyagonèz nan Legliz primitiv e Bib la pa kont sa. Men, nou pa jwenn okenn pasaj ki pale sou fanm kap dirije Legliz. Si nou gade nan **1 Timote 3:1-8**, nou jwenn tout kondisyon pou yon gason ki ta vle chef reskonsab Legliz, men li pa di anyen pou fanm. Lè nou kontinye li nan vèsè 9 a 12 ki pale sou fonksyon dyak yo, li bay kondisyon ni pou gason, ni pou fanm.

Eske yon fanm kapab dyakonèz Legliz? **Wi**, paske nou jwenn Prèv la nan Bib la.

Eske yon fanm kapab chef reskonsab Legliz? Genyen anpil rezon pou yon moun kont sa; men, nou pa jwenn okenn pasaj ki entèdi li vrèman vre.



